ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№28 (23.998) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ПэкІуэр

Къремыхъу афэкІа апхуэдэ

Балъкъэрхэм кІэлъызэрахьа залымыгъэм и лей зытехьахэм я фэеплъ мемориалым деж гъатхэпэм и 8-м щекІуэщІ ди къуэш лъэпкъыр я лъахэм щраша махуэм теухуа щыгъуэ пэкІ. Абы кърихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я ліыкІуэхэр.

ПЭКІУР къызэІуахащ «Балкария» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографие ансамблым и артистхэм я музыкэ композициэмкІэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы къыхигъэщащ балъкъэрхэм къатехьа лейр зэи щІыхуэхэм зэращымыгъупщэнур. Ауэ, ипэкІэ кІуэтэн хуейщи, зи хэку зыгъэзытыжа лъэпкъыр адэкІэ ефІакІуэу псэуну зэрихьэулэпсІэр жиІащ.

Афганистаным щызэуа, генерал-лейтенанту дзэм къыхэкІыжа **Аттоев Борис** тепсэлъыхьащ балъкъэр щыхубзхэм я фэм куэд зэрыдэхуам, ахэр бэшэчу зэрыщытам. Хэку зауэшхуэм хэта зауэлІхэм я унагъуэхэр ямыгъэтыжу, ахэр къалъхьэжу щытыкІэ гугъу зэриІам и гугъу ищІа нэужь, къытеувыІащ балъкъэр лъэпкъыр хамэ щІыпІэ къыщыхутами, еш ямыщІэу здаша щыналъэм зэрыщыІэжьам. Абы и щыхьэту и гугъу ищІащ «Ижевск» кооперативым и унафэщІа, Социалист Лэжьыгъэхэм и Ліыхъужь, Къзахъстан ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта Жангуразов Ибрэхьим.

Фэеплъ пэкІым къыщыпсэлъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

- Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэпыщІэныгъэ быдэ яІэщ. Абы и щыхьэтщ зы щыналъэ дызэрыщыізэдэпсэур, ди хабзэкІи динкІи зэпыщІауэ лэщыгъуэкІэрэ дыкъызэрекІуэкІыр. ЛъэпкъитІым я зэныбжьэгъуГъэм, я зэгурыІуэныгъэм мыкъэнэшхуэ иІэщ сыт хуэдэ лъэпощхьэпори зэгъусэу къызэнэкІыныжмкІэ. Тхьэшхуэм солъэІу мыпхуэдэ нэщхьеягъуэ зы лъэпкъми и натІэ афІэкІа мыхъужьну.

Балъкъэр лъэпкъым кІэлъыізэрахьа залымыгъэм ихьахэм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуа нэужь, КъБР-м и Муслъымэн дин Іуэхущ Іапіэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** кърихьэлІахэм дыуэ яригъэщІащ. Къызэхуэсахэм фэеплъ сыным удз гъэгъахэр трагъхьащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

● КъБР-м и Парламентым

Депутатхэм къыхалъхьэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм щытепсэлъыхьащ фенилкетонурие узыфэм ирисымаджэ сабийхэм я ныбжьыр ильэс 18 хъуху я ныкъуэдыкъуагъэм щыхьэт техьэ тхьапІыр хуагъэхьэзыным зэрыхуейм теухуауэ ди республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм Урысей Федерацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым зэрызыхуигъэзэну щыкІэм.

КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узэншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хьусен** жиІащ фенилкетонуриер куэдрэ узримыхьэлІэ, ауэ шынагъуэ зыпылъ узыфэхэм зэращыщыр икІи, упэщІэмыувэмэ, щІыхум и акъылым зэрызримыгъэужьыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым абы ирисымаджэ щІыз 25-м ящыщу 21-р балигъ ныбжьым нэсакъым. Мы зэманым медико-социальнэ къэпщытэныгъэ езыгъэкІуэкІ Іуэхущ Іапіэхэм фенилкетонурие зиІэ сабийр ныкъуэдыкъуэу къыщалъытэр и ныбжьыр ильэс 14-м нэсыхукІэщ. КъызэралъытэмкІэ, а ныбжьым къыщыщІэдзауэ ахэр зыкІэлъыпІъыжьыф мэхъу икІи и шхын хуосакъ.

- Абы щыгъуэми къэлъытэн хуейщ сабий сымаджхэм къеузыр нэсу къаззэрыгурымІуэр, зэрызыкІэлъымыплъыжьыфыр. Ныкъуэдыкъуагъэм и тхьапІыр имыІэмэ, абы пенсэрэ ІуэхутхьбзэхэмкІэ къэралым зыкъыщІигъэкъуэнукъым, адэ-анэми сымаджэм зэрыкІэлъыплъым щхьэкІэ льготэ иратынукъым. А псом унагъуэм и Іуэхур хэпльэгъуэ ещІ. Абы къыхэкІыу ди комитетым УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм зэрызыхуигъэзэр игъэхьэзыращ, медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм экспертизэ зэрыгъэкІуэкІ щыкІэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну къыщыдгъэльагъуэу. Ар, зэрыгурыІуэгъуэщи, хуэунэтІащ зи гугъу тІщы фенилкетонурием иримаджхэм я ныбжьыр ильэс 18 иримыкъу щыкІэ ныкъуэдыкъуагъэр яхуэбгъэхьэну щІыз щыІащ Къэжэрым.

Проектыр зэхагъэувэн и пэкІэ депутатхэм «стІол хъурей» иригъэкІуэкІащ, узыфэ шынагъуэр зиІэ сабийхэм я адэ-анэхэр къраГъэблагъэри. А Іуэхум мызэ-мытІэу щытепсэлъыхьащ комитетым и зэІущІэхэмкІ.

Я Іуэху еплъыкІэхэр къагъэльагъуэн папщІэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм зэрызыхуагъазэм и проектыр иратащ. Ар утыку кърахьэнущ республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэ нэхъыщхьэм гъатхэпэм и 12-м иригъэкІуэкІыну зи чэзу зэІущІэм. Абы и ужькІэ зэрызыхуагъазэр зэрызхьынущ Урысей Федерацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым деж.

Къищынэмыщ Іауэ, зэІущІэм депутатхэр щыхэпльащ Налог кодексымрэ закондательнэ акт щхьэхуэхэмрэ ятеухуа федеральнэ законхэмрэ жэрдэмхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къремыхъу афэкІа апхуэдэ

Балъкъэрхэм кІэлъызэрахьа залымыгъэм и лей зытехьахэм я фэеплъ мемориалым деж гъатхэпэм и 8-м щекІуэщІ ди къуэш лъэпкъыр я лъахэм щраша махуэм теухуа щыгъуэ пэкІ. Абы кърихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я ліыкІуэхэр.

ПЭКІУР къызэІуахащ «Балкария» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографие ансамблым и артистхэм я музыкэ композициэмкІэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы къыхигъэщащ балъкъэрхэм къатехьа лейр зэи щІыхуэхэм зэращымыгъупщэнур. Ауэ, ипэкІэ кІуэтэн хуейщи, зи хэку зыгъэзытыжа лъэпкъыр адэкІэ ефІакІуэу псэуну зэрихьэулэпсІэр жиІащ.

Афганистаным щызэуа, генерал-лейтенанту дзэм къыхэкІыжа **Аттоев Борис** тепсэлъыхьащ балъкъэр щыхубзхэм я фэм куэд зэрыдэхуам, ахэр бэшэчу зэрыщытам. Хэку зауэшхуэм хэта зауэлІхэм я унагъуэхэр ямыгъэтыжу, ахэр къалъхьэжу щытыкІэ гугъу зэриІам и гугъу ищІа нэужь, къытеувыІащ балъкъэр лъэпкъыр хамэ щІыпІэ къыщыхутами, еш ямыщІэу здаша щыналъэм зэрыщыІэжьам. Абы и щыхьэту и гугъу ищІащ «Ижевск» кооперативым и унафэщІа, Социалист Лэжьыгъэхэм и Ліыхъужь, Къзахъстан ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта Жангуразов Ибрэхьим.

Фэеплъ пэкІым къыщыпсэлъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

- Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэпыщІэныгъэ быдэ яІэщ. Абы и щыхьэтщ зы щыналъэ дызэрыщыізэдэпсэур, ди хабзэкІи динкІи зэпыщІауэ лэщыгъуэкІэрэ дыкъызэрекІуэкІыр. ЛъэпкъитІым я зэныбжьэгъуГъэм, я зэгурыІуэныгъэм мыкъэнэшхуэ иІэщ сыт хуэдэ лъэпощхьэпори зэгъусэу къызэнэкІыныжмкІэ. Тхьэшхуэм солъэІу мыпхуэдэ нэщхьеягъуэ зы лъэпкъми и натІэ афІэкІа мыхъужьну.

Балъкъэр лъэпкъым кІэлъыізэрахьа залымыгъэм ихьахэм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуа нэужь, КъБР-м и Муслъымэн дин Іуэхущ Іапіэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** кърихьэлІахэм дыуэ яригъэщІащ. Къызэхуэсахэм фэеплъ сыным удз гъэгъахэр трагъхьащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

ПщІэ лъагэ зыхуэфащэхэр

● Пшыхьхэр

Хабзэ дахэ зэрыхъуащи, Цыхубзхэм я дунейпсо махуэр Налшык Іэтауэ щагъэлъэпІащ.

КЪЭРАЛ киноконцерт гъэлъэгъуаПІэм и пэІуащІэ пэшым «Бгырыс бзыльхуГъэхэр (пасэрей сурэтхэр)» фІэщыгъэм щІэт гъэлъэгъэныгъэ хьэлэмэт къыщыізэІуахат. Абы щыпІьагъурт лъэпкъ фащэ екІуэкІмкІэ хэупа, зи псэукІэ, дуней тетыкІэ, гупсысэкІэ зэмыщхь щІыхубзхэр. ГъэщІэгъуэнракъэ, абыхэм щхьэж езым и хьыбар къиІуэтэж хуэдэт. КъищынэмыщІауэ, утыку къраХьат сурэтыщІ ныбжьыщІэ щІыкІуэхэм я анэхэм я тепльэу ящІахэр. ГъэщІэгъэнэн дыдэт ящхьэлъхуам и гуапагъэмрэ абы и лъагъуныгъэмрэ сабийхэм зыхалъагъуэм ухэпльэну. Дауи, а щІыкІуэхэм ящыщ дэтхэнэри и анэр нэхъ дахэу къыізэригъэлъагъуэным яужь итащ.

Пшыхьым къекІуэлІат анэшхуэ, анэ, шыпхъу, пхъу, щхьэгъусэ къалэн мытынщхэр, ауэ щыхъуКІи пщІэ лъагэ зыпылъ пщэрылъхэр зыгъэзащІэ щыхубзхэр.

ГуфІэгъуэ зэхьихьэр езыгъэкІуэкІэр псалъэ дыгъэлэхэм, образ дахэхэм, гукъыдэжыр къэзыІэт хъуэхъуэхэмрэ гушыІэхэмрэ щымысхьыжу «хагъэпскІыхьырт» абы щІэсхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек** къыбгъэдэкІ хъуэхъу тхыгъэм пшыхьым къыщеджащ абы и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. Ар къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ гукъыдэж щымыщІэу, я гурыфІыгъуэр мыкІуэщІу, ефІакІуэу, гъаГъэу куэдрэ псэуну.

Гукъеуи, щхьэжагъуи зэзыгъэтІылъэкІыу а пшыхьым къекІуэлІа щІыхубзхэм я дзрэжэгъуэм гур хилъагъэхьэрт.

Я уэрэд, къафэ екІуэхэмкІэ пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки» къэфакІуэ гупхэм, республикэм и артист пажэхэм. Псом хуэмыдэу къызэхуэсахэм ягу иригъэкІащ нэхъ щІыкІу дыдэхэм ягъэззэщІа къафэхэмрэ абыхэм щІыхубзхэм яхуэгъэзауэ жаІа псалъэ гуапэхэмрэ.

ИНАРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХьэрычэтыщІэхэм папщІэ

● Зэпеуэ

«Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ проектым хыхьэу, «Илъэсым и экспортёр» зэхъэзэхуэр кьыхалъхьэ. Ар хуэгъэзащ хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ кьыщІагъэкІым зрагъэужьыным, кьэралым ирашым хэгъэхъуэным.

УНЭТІЫНЫГЪИТХУКІЭ зэщхьэщыхьауэ зэпеуэр щытынущ, промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм, Іуэхутхьбзэхэр кьызэгъэпэщыным, иджырей технологиехэм елэжьхэм ятещІыхьауэ. Ехуанэр теухуащ «Илъэсым кьыхэжаныкІа» Іыхьэм.

Зэпеуэм щытекІуэхэм саугъэт лъапІэхэр иратынущ. КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм кьызэритымкІэ, абы хэтыну хуитыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщІэзыгъэтхауэ щылажьэ хьэрычэтыщІэхэращ. Ар езыгъэкІуэкІэм къапщытэнущ 2019 гъэм щыщыІэм и 1-м къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 31-м пщІондэ Іуэхущ Іапіэхэм яІа ехьэлІэныгъэхэр.

Зэхьэзэхуэм уэхэтын папщІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт Іуэхум зыщІэгъэкъуэныкІэ и центр» щыналъэ фондым тхыгъэ егъэхьын хуейщ. Абы и хэщІапІэр: *Налшык къалэ, Кировым и цІэр зезыхь уэрам, №224-рэ. Дэфтэрхэр электроннэу ебгъэхь хъунущ (ppkbr@inbox.ru почтым. УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт Іуэхум зыщІэгъэкъуэныкІэ и центрым е 8(800) 222-51-07 номерымкІэ.*

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● ПщІэну щхьэпэщ

МылІэ-мыпсэущ вирусхэр

ЦІыхуэр куэд щІауэ щыгъуазэщ уз зэрыщІалэхэм. Пасэрейхэм къахуэщІэртэкъым а узыфэ шынагъуэхэм зэрызэраубгъу щІыкІэри, къызыхэкІри, зищІысри. ЩІэныгъэмрэ техникэмрэ заужьа нэужь, еджагъэшхуэхэмрэ дохутырхэмрэ къахутащ вирус, бактерие зэмылІэужьыгъуэхэр зэрырщыІэр. Ятэ дищынщи, къыхэдгъэщынщ вирусымрэ бактериемрэ зэрызэщымыщыр, къагъэхьей узыфэхэри, ахэр зэрагъэхъуж хущхьуэхэри зэрызэхуэмыдэр. Нобэ зи гугъу тщІынри иджыпсту дуней псор нэхъ къыхэзыГъэзыхьырщ - вирусырщ.

Сыт-тІэ, зищІысыр вирус хъужыр, дауэ ар зэрызэпкърыплъыр, сыт и хущхьуэгъуэр?

19-нэ лІэщІыгъуэм бактериехэр зэрыщыІэмрэ абыхэм къагъэхъей узыфэхэмрэ щІэныгъэлІэкІэ тетхьыхьа нэужь гурыІуэгъуэ ящыхьащ бактериехэм нэмыщІ, иджыри щхъуэхь налъэ гуэрхэр зэрыщыІэр, а щхъуэ мыцІыхухэм къагъэхъей узыфэхэмрэ ахэр зэрагъэхъужь хущхьуэхэмрэ альандэрэ яджахэм зэрыхуэмыдэр.

ЛатиныбзэкІэ зэбдзэкІмэ, «вирус» псалъэм «гын», «щхъухь» къикІыу аращ. Биологие и лъэныкъуэкІэ укъелІлмэ, ар мылІэ-мыпсэущ. Сыту жыпІэмэ, гъэщІэр къыізэрыунэхужа белокыр ешэкІащи. КъищынэмыщІауэ, вирусыр къызэхуигъэщІамрэ зищІысымрэ къэзыІуатэ ДНК-рэ РНК-рэ кІуэцІылъщ. Абы и лъэныкъуэкІэ псэ Іутщ. НэгъуэщІу укъелІлмэ, вирусым Іэпкълъэпкъ имыгъэтмэ, зиужьыркъым, зыкІи зэранкъым. А налъэ щІыкІум щхъухьу кІуэцІылъыр къыщиутІыпщри зыкъыщыізэкъуихри лъым хыхьэмэщ. Мис итІанэ хуэзэГэкІынущ цІыхур иукІну. Абы къыхэкІыу, вирусым паразит хьэл иІэу хуагъэфащэ. КъыщынэмыщІауэ, ар щопсэуф къэкІыгъэхэм, псэущхьэхэм, Іэгъэбзэгухэм, бактериехэм я пкъым.

Вирусыр Іэпкълъэпкъым зэрынэсу тІасхъаПІэ мэлыхъуэри, абы япэу «йоуэ». Абы фІэфІщ цІыхум и иммунитетыр щІэкІамэ, узынщагъэр махэ хъуамэ.

Вирусым и лІэужьыгъуэм елъытауэ, ар зэуэлІам и лъэр щІоху, плъыржьэрым хедзэ (Іэпкълъэпкъыр нэхъ пщтырыху, вирусыр нэхъ хьэлъэу аращ), и щІыфэр къолъэлъ, щхьэжуцІыр шын мэхъу, щІыІэ техьэгъуэм еубыд, ныбажэ, къарууншэ кІыІ, мышхэфу, къэжьу, и щхьэр узу къонэ. НобэкІэ абыхэм къагъэхъей узыфэу цІыхум ещІэ гриппыр, фэрэкІыр, жьэгъущІэсыр, техьэгъуэр, фэгъаззэр, тэмакъ узыр, полиомиелитыр, тэмакъ шыныр, гепатитыр, хуабэузыр, сифилисыр, энцефалитыр, щІыфэкъилъэлъыр, хьэщхьэрыІуэ узыр.

Къыхэгъэщыпхъэщ цІыхум зэ сэбэп кІыхуэхъуа хущхьуэр етІуанэу къызэрыхуэмыщхьэпэнур. Сыт щхьэкІэ жьыПІэмэ, ищхьэІуэкІэ зэрыжьыПІащи, вирусым информацэ зэрехьэ, ауэ щхьэхуКІэ къаухь иІэуи жьыПІэ хъунущ. Абы къыхэкІкІэ, къызэрелэза хущхьуэм зэрыпщІэщІэвэнрэ, абы зэрызыщихуэмэн Іэмалхэмрэ «къеГупсыс», нэгъуэщІ сэфэт йоувэрэ, хущхьуэщІэ къыхуэгупсысын хуей мэхъу. ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІи, ди щІыгум зы вирус къыщыцынэхурхъым, куэду щыпсэуми. АтІэ, ахэр псорри хъэршымкІэ къъехьу аращ.

Дауэ вирусым зэрызыщыпхъэмэфынур?

ЗэрыжьтІащи, вирусыр щыбгъуэри зыщІужьри Іыраращ. Абы къыдэкІуэуи и хущхьуэ нэхъыщхьэ дыдэри - ІырящІ!

Ліыр гъэщІэгъуэну зэхэлъщ. Абы хеубыдэ плазмэ, тромбоцит, лейкоцит, эритроцит зэхъэгъэкІ, нэгъуэщІхэри. Ліым и къалэн нэхъыщхьэр - цІыхум шхыным, псым, хьэуам къыхьи къарур, къэуатыр, ящыр Іэпкълъэпкъым ліыгъэсыным, вирусхэмрэ уэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ ебэныныщ. Хущхьуэнэшэу зегъэхьбзэжьыф ліым. Апхуэдэу, лейкоцитхэм Іэпкълъэпкъым къеуэлІа узымрэ вирусхэмрэ «хэлІыкІа» клеткэхэр къаухъуреихьри, «йозаэ, яшх». ИужькІэ ар гъутхьэпсым хэлъу Іэпкълъэпкъым къыпкърокІыж. Апхуэдэхэм деж цІыхур плъыржьэр мэхъу. ЦІыхуэр есащ плъыржьэрым зэрыхидзэу, температурэр езыгъэхуэу ефэу. Ауэ ар тэмэмкъым. Температурэр дэкІуеямэ, ліыр узым ебэну аращи, градус 38 - 38,5-м нэмысауэ ебдубых хъунукъым. Армыхъумэ, узыфэ зыубыдам пэщІэува, «зыкъэзыІэта» ліыр бгъэужьыхьжмэ, вирусыр текІуауэ бжы.

Ліым и сыт хуэдэ пкъыгъуэми къалэн щхьэхуэ егъэзащІэ: эритроцитхэм кислородыр кърахьэкІ, лейкоцитхэм микробхэмрэ вирусхэмрэ якІ, цІыхум ліы щІэкІмэ, тромбоцитхэр уІэгъэм деж щІэзэхуосри, ліыр къагъэувыІэ, плазмэм къэуатыр Іэпкълъэпкъым ліыгъэІэс. ИкІэм-икІэжьым дакъикъитху къэс ліыр жьэжьейхэм ягъэкъэбзэж.

Къапщтэмэ, ліыр куэдрэ псэуркъым. Эритроцитхэр мазиплІ, тромбоцитхэр махуи 10, лейкоцитхэр махуи 6 - 9 къэс мэкІуэдыж. Дэнэ-тІэ ліыр къыздикІыр апхуэдэу щыхъукІэ?! НэхъапэІуэкІэ къызэрыхэдгъэщащи, ліыр къыщыцынэхур къупщхьэ гъуанэхэм илъ куцІырщ. Сабий къалъхуагъащІэхэм къупщхьэу хэлъым ліы къабзэ къагъэшІ, балигъым и къупщхьэшхуэхэращ ліыр къыщыцынэхур.

ЦІыхур сымаджэ щыхъуам деж анализ ирагъэт. Абы папщІэ, Іэпэм, Іэблэм ліы къыхаш. Дэ а псори лейуэ къытщохьу, ауэ ліым и зэхэлъыкІэм теухуауэ дохутырым къыхуэхутэнущ сымаджэм кьефыкІыр.

ЩІыІэщ хущхьуэкІэ яхуэмыгъэхъэж узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэм деж цІыхум и ліыр зэрыщыту яхъуэжьын хуей мэхъу.

ЦІыхум вирусыр къытемыкІуэн папщІэ, къагъэсэбэп вакцинэ зыбжанэ. Псом ящхьэжыраши - иммунитетыр гъэбыдэн, Іэтын хуейщ. Сыту жыпІэмэ, Іэпкълъэпкъ узынішэм вирусыр итІысхьэркъым, зэримыубыдыфыжынур, зэрыпэмылъэщынур ещІэри.

ФЫРЭ Анфисэ.



«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадзэ зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдзэхъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ Іапіэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кІэпІейкІэ 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Нобэ

Гъатхэпэм и 11, *бэрэжьей*

♦Урысей Федерацэм Наркотикхэм якІэпльыплъынымкІэ и Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦ИльэС щэщІрэ тхурэ и пэкІэ КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хахащ СССР-м и ямэ президент иужькІэ хъуа Горбачёв Михаил.

♦1991 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыщта унафэм ипкъ иткІэ «Ленин гъэзэгу» газетым и цІэр «Адыгэ псалъэ»-кІэ зэрахъуэжкІащ, «Коммунизмге жол»-р «Заман» хъуащ.

♦Къызэрэлъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Курджым щІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, абхъазэбзэмрэ адыгэбзэмрэ ятеухуа лэжьыгъэ куэд зи къалэмыпэм къыщІэкІа **Джанашиа Симон**.

♦1948 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Уэщхъун МуІэед**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 20-22, жэщым градуси 6-8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ХЬЭТАУ Ислъамщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бжэгъу закъуэ хэси, фызыфІым уигъэунэнщ.

«Си хъыджэбзыр нэзыкIуэщ, къан хьэлыуэхэр хузоубэ»

● Адыгэбзэм щыщщ



Бзылъхугъэ фащэмрэ пыIэмрэ ехьэлIауэ къэхутэныгъэ хэзырынэхэр щыIэщ, адыгэ фащэм и сурэт щIэнгъуазэ зыбжани дунейм кьытехьащ, Iэщ1агъэр къэбгъащIэрэщIэжьнымэ, къыззырымыкIуэу щхьэпэ хьууэ. Ауэ, адыгэжьым ижьIауэ, из хъуным заIэ хузиныкъуэщи, щыщIэныгъэу хуэтпьагъэныкъыми, адыгэбзэкIэ зэрымытхар и дагъуэщ, жьытIэнщ. Псоми къаззыргурыуIэн бзэкIэ ятхри, а бзэм пхуимылъхьэ е пхуимыгъатIасэ адыгэбзэ фIэщыгъэ куэд дыдэ IэщIыб хъуащ. Абы кьурикIуэр аращи, ахэр мащIэ-мащIэуэрэ яIэщIоухэри, адыгэбзэми хокIуадыкIыж.

КъЫЗЭКIЭлЪЕТТХЫХ фIэщыгъэхэр бзылъхугъэ пыIэм епхащ. Нэхъ пыухыкIауэ жьпIэмэ, бзылъхугъэ пыIэ щыкIэм ехьэлIащ. Адыгэ бзылъхугъэ пыIэр зэращIымрэ тхыпхъэр зэрыхалъхьэ щыкIэмрэ теухуауэ фIэщыгъэщIэ къекIуэкIыр (е къекIуэкIыу щытар) жьыз-жьлэкIэ щыгъэщхьэщыкI кьыхэкIми, зыкъомкIэ зэтохуэ. Мы тхылъым дэ пщэрыпъ зыщыт щыжьыркъым псалъэм и щIыб кьыдалъ щIэнигъэр шэщIауэ утыку кьитхьэну. ДызыхущIэкъур, абыхэм я мыхьэнэр теуэзрабгъуэ къэтIуатэу, яхуэфащэ увыпIэр лъэпкъ щIэныгъэм щегъэгъуэтыжынырщ. Щэч хэлъкъым, нэхъыбжэм зэрыщыIэм, акъыл зэхэздзэкIэ ахэр зэдгъэIуIужьмэ, щхьэпэ зыпылъ лъжьыгъэшхуи къэIэта зэрыхъужнум. Мы фIэщыгъэщIэхэм я нэхъыбэр къызыпытхар ди нэхъыжьхэращ, дакIуэ-бзакIуэу зи гъащIэр къэзыхьа нанэхэращ.

Араща...

Гущэм хэлъ сабийр здыщIиупскIэм, дзапэ уэрэду анэшхуэм щэху цIыкIуурэ жеIэ:

«Жей, си дыгъэ шыр,
Жей, си дуней нэху,
Си хъыджэбзыр
нэзыкIуэщ,
Къан хьэлыуэхэр
хузоубэ,
Дыщэ пыIэхэр
натIащIэщ,
Езы цIыкIур
щIэращIэщ», - жери...

Къан хьэлыуэхэ хуэапсэу нанэм зи гугъу ищIыр щIиупскIэ хъыджэбз цIыкIур къэхуумэ, Iэщ1агъэ иIэу, ищIэм пщIэ къыхуащIу цIыху къищIыкIыныращ. ЦIыкIу щIыкIэ зыщIигъэдэIу, зыхуигъэхъуапсэ Iэщ1агъэм арыхъуи щIэныгъэшхэ къуэлъщ. Ныжьджбз цIыкIуэм мастэрэ Iуданэрэ зэфIалъхьэу зыщIагъэса меданым щегъажьауэ цIыхубзым хуэгъэзауэ сыт хуэдэ Iэщ1агъэми зыр нэхъапэщи, зыр нэхъ иужькIэщ, жыхуэпIэм кьыхэмыкIыу дэтхэнэми курыхьыу хуауцийрт, хуаГъэсэрт. Зи ныбжьыр илъэсибгъу-пщIым ит хъыджэбз цIыкIуэм пыIэ щIыкIэр ирагъэлъагъуу, Iэм и мызакъуэу псэри храгъалъхьэу Iэщ1агъэ иратырт. ПыIэ щIыним хуэIэжьэ къу хъыджэбз цIыкIуэм **НЭЗЫКIУЭКIЭ** еджэрт, ягъэгушхуэу, яIэту зы цIэ дахэ иратырт. ИщIыну къудейимэ, **ИЗЫГУЖЬ КЪРЕМЫНЭ** жаIэрти, пыIэ щIын Iэхъум ехьэлIауэ зыхуэныкъуэ псомкIи кьызэрагъэпэщу щытащ.

ПыIэр щащIкIэ, **ПЫIЭ КЪУПХЪЭ** жаIэрти, пыIэм и пкъыр тKIийуэ зыIыгъыну пкъыгъуэ быдэ гъэрым фIалъхьэрт. Къупхъэм щэкIыр (е **ЩАГЪЭ БГЪУТIЭР**) фIэмылпхъэ щIыкIэ **ДЭЖ** жаIэрти, фIыкIэ къуа щынафэ гъэтIысар фIалъхьэрт е кърашэкIырт. Мэлыфэр къабыл ящIыртэкъым, зэрызэIыкIыр и щхьэусыгъуэу. Дэжым и гущIыпм щэкIыр кърашэкIырти, фэм и фIыпIэмрэ щэкIым и лэмрэ зэтемыщэтжьын хуэдэу зэтрагъэтIысхьэрт. Ар IуданэкIэ зэ щхьэкIэ зэрагъэубыдырт, абы зэреджэри **IУлIЭНТ**. Бешкъэзакъхьэблэхэм **ГЪЭIУлIЭ**, Кьалэдэсхэм **IУлIЭНЭ** жаIэ. ЗэрауIэ фэмрэ щэкIымрэ зэтегъэзэгъэгъуэй хъуамэ (ар кьызыхэкIыр щэкIыр пIащIэрэ тежу щытмэт), **IУлIЭНЭ ТIУащIЭКIЭ** ирикIуэрт.

ПыIэм и лъагагъкIэ къехьым **ПЫIЭ ДЖАБЭКIЭ** йоджэ, пыIащхьэм щхьэкIэ **ПЫIЭ щIыгу** жаIэ. ПыIэ щыгум и лъабжьэкIэ щыIэм, пыIэ кIуэцIымкIэ гъэзам, **ПЫIЭ КIащIэщ** зэреджэр. ПыIэ джабэмрэ пыIащхьэмрэ мастэ-IуданэкIэ щызэрагъэкIуэм деж **ПЫIЭ ДЭНЫКIУЭМ ИРИКIУащ**, жаIэ. «Дэныкiуэ» псалъэм мыхьэнитI иIэщ. Япэ мыхьэнэмкIэ щыгу нэзыимрэ джабэмрэ я зэпыхьэпIэм апхуэдэу йоджэ. ЕтIуанэ мыхьэнэмкIэ щыгу нэзыимрэ джабэмрэ щыззэрагъэIкIэ, Iуданэр зэрыхагъэзагъэ Iуданэ хэлъхьэкIэм щхьэкIэ апхуэдэу жаIэ. Дэныкiуэм деж Iуданэр щабэу халъхьэ. Зэгъ хъуамэ, **КIУРЫЖЭР ХАЛЪХЬЭ** (е **КIУЭРЫЖЭР ХАЛЪХЬ**). Щыгумрэ джабэмрэ дэныкIуэкIэ зэрагъэзагъа нэужь, IуданэкIэ щызэрагъуIыкIи дежщ **КIУРЫЖЭР ХАЛЪХЬ** щыжаIэр, Iуданэр зэпэмыжьыжьу, мастэ иугъуэ къэс зэгуэсу щыцIыхьхьэм деж **КIУРЫЖЭУ ИРОКIУЭЖ** жаIэ. КIурыжэр апхуэдизкIэ Iэзэу халъхьэрти, зэззэмызэ **IэщIагъэ УАГЪЭМ** щыхагъэзрыхь къэхъурт. Уагъэр Iуданэу зэхэзыа кIапсэ псыгъуэщ. КIурыжэ имыIэу пыIэ джабэм телъ щэкIыр джафэу щыгум хуэзыгъэ, **ГУащIэУНЭ тЕЛЪХЬЭ** жаIэ. Ауэ мыр зззэмызэ дыдэщ щащIу щытар.

ПыIэм **ПЫIЭ КХЪУАКIЭ** хуащIынымэ, кхъуакIэр щхьэхуэу пызыщIыхьхэри щыIэт, кIурыжэм хэлъу зыщIхэри щыIэт. КIурыжэм щыхэпIыем деж **IУлАНЭУ ХЭщIЫХЬАщ** жаIэ. КхъуакIэр кхъоблэлъх, жаIэу зэхэпхынущ, ауэ ар захуэкъым, адыгэбзажькIэ **КХЪУАКIЭУ КЪЕХЬЭХАР** псэпъафэращ тэрэзыр. КхъуакIэр кхрахьэкIыр бзылъхугъэр кьызыхэкIа лъэпкъым теухуауэ и теплъэкIи, и щыкIэкIи, и бжыгъэкIи зэхуэдэтэкъым. КхъуакIэм и бжыгъэкIэ зэпэбж-зэпэмыбжу щытам теухуауэ кьыщIэупщIа щыIэщи, абы и жэуапым ощыIа гъуазэхэм, жаIэIаэу зэхэсхакъым.

Щыгу нэзымрэ джабэмрэ дэныкIуэкIэ ирикIуэу, джабэми кьыдекIуэкI щэкIыу кьупхъэм хуэфIу ешэкIамэ дэныкIуэкIэ ирикIуа нэужь, пыIэр и **КIащIэКIэ КЪАIэТЫР**, нэгъуэщI жьпIэмэ, пыIэ кIуэцIыр къыдрагъэзей. И IуптпыIэмкIэ пыIэм зэрырикIуа дэныкIуэр къыхахыкри, уепIымэ, дахэу къэлъэгъуэн папщIэ, и кIащIэмкIэ Iуданэкlэ ирокIуэ, абы зэреджэри **КIЫУБЫДЩ** е **ЧЫУБЫДЩ**. Чы псыгъуабзэ щыкIу пыIэ кIащIэ джабэм дадэри, ар Iуданэкlэ пыIэ кIащIэм ирагъэубыдурэ ирокIуэр. Абы дыгъэр нэхъ тKIий ещI. «КIыуБыд» псалъэм хэт **кIы** Iыхьэр **чы**-м къытекIауэ къыщIэкIынущ, ауэ, къэпсэлъыкIэм ипкъ иткIэ, «кIыубыдым» хуэкIуауэ. Хьэзыр щыхъукIэ, пыIэр зыщIым пыIэ кIуэцIым и IэштIымтIыр ирелъхьэри, ещIыныщIэ, аращ **ХЪЭКЪУЭЖ** жьыхуэри. ПыIэр щауэдыныщIэм деж «Хэт зи хьэхъуэжьыр, хэт зи къанъгъэшхэгъуэр?» жаIэ, гушыIэуэрэ. **ПЫIЭУДЫНЫЩIЭМ** щынэскIэ, псы иракIутырт, щхьэуэ хъыхэмыкIыж щхьэкIэ, жаIэрти. Псы иракIутми кIэлъыхъуэхъэрт, и уэзи и бзаджи дэкIуэдыну, жаIэуэ. **ПЫIЭМ ЕЖЬУЭХЪУРКЪЫМ, ХЪУЭХЪУИ ТЕХУЭРКЪЫМ**, жаIэ.

ИужькIэ **ПЫIЭ ЛЪАПСЭР ЯГЪЭТIЫС**. ПыIэ лъапсэ хуэри пыIэм и кIащIэмрэ и джабэмрэ я зэтелъпIэращ. Ахэр щызэтрагъэтIысхьэращ пыIэ лъапсэр яГъэтIысу щыжаIэри. Лъапсэм дек мастэ-Iуданэ псычъабзэкIэ ирокIуэ, абы зэреджэр **ПЩЫГъАГЪЩ**. Бешкъзакъхьэблэхэм **НАтIЭУНЭ** жаIэ, Щоджэнхьэблэ къикIыжахэми ар зэращIыхуэр **щОДЖЭНХЭ я ПЩАБГЪЭУЩ**, Кьалэдэсхэм **ГУЭТIИСЭ** жаIэ. ХьэтIохъущыкIуэйхэр гуэтIисэкIэ зэрджэр пыIэ лъапсэм зэрырикIуа пщыгъагъым иратыж кIэIунэращ. Ар апхуэдизкIэ быдэт икIи хэщIыкъати, хэтIысхьэпарэ къыхэмыщу апхуэдэт.

ПыIэ кхъуакIэхэм **ПЫIЭ ЗЭРЫГъАЖЭХЭР** хуащIырт. КхъуакIэр щхьэж зэрыхуейуэ пыIэ щыгум кьыдекIуэ кIрахьэха нэужь, пыIэр зейр хъыджэбзбдэсмэ, дыжьын е дыщэ Iуданэхэм кьыхэщIыкIа **ТЕЩIЫХь** хуищIыжьырт, хуэхъурейныкъуэу. Щыгумрэ джабэмрэ зэрагIуIа нэужьым, щыгумкIэ кIуэуэ зэрыгъажэ щыкIуэр хуащIырт. Адыгэ бзылъхугъэ пыIэхэм щыгум трагъэтIысхьэнIамэ, **ПЫIЭУТ** хуащIыр, щагъэ бгъуэитIыр зэблэдзаРэ **ПЫIЭ ЩЫГУ КIУХЬЫМ** еуалIэу. Зэрыгъажжэр зыхуащIа пыIэм и щыгу нэзым аращ зэреджэр зэдыгъбзэкIэ. Щагъэхэм я зэблэдзыпIэм, е, нэгъэущу жьпIэмэ, пыIэутым, **ТIЫСЫН** тращIыхь, мо къыхэIэтыкIауэ пIэрэ жьпIэну зы лъагаIпэ мащIэ, - абы **БЗУУщХЬЭРИ, КЪАН МАЗЭРИ, ГУащIЭХЬЗлЫУЭРИ**, нэгъуэщIхэри тебгъэзагъэ мэхъу. ПыIэр зыщIыр мыбы щыIэкIэ, **КЪАН ХЬЭПЫУЭ ХУАУБЭ**. Нэхъапэхэм дэ купщIэ укъэбза хагъэтIысхьэу щытащ, кхъуакIэу кхрахьэхэм и пабжу. ИужькIэ, Хэку зауэшхуэм ипэ кьихуэу илъэсхэм пщIондэ, санащхьэ гъэгъуахэр трагъэтIысхьэу хуежьащ. Нобэ хьэпIуэу щаубэкIэ, хагъэтIысхьэр чыщмышащ.

ИУЖЬРЕЙ ЩIаэрти, и зэфIыхьэгъуэм деж хъыджэбзым пыIэр и адэ шыпхъуэм е адэшхуэ шыпхъум иригъэльагъурти, абыи зы мастэнэ дэнэ деджи къыригъэхырт. Дыным щхьэкIэ **IЕИЖЬИ, НЭТЕМЫГъАХУЭ ДЫНИ** жьызIэ щыIэщ. МащIэ дыдэу **П Х Э Н Ж Ь Р Ы К I У Э У ДЭКIЫРТ** пыIэ щыгу нэзым и зы щыпIэ гуэрым деж. Нэхъыбэу яцIыхуэр иужьрей псальитIрагъэнущ.

Зы пыIэ цIыкIум къещIэкIа мыпхуэдизу фIэщыгъэмрэ жьIэгъуэмрэ псэуну яхуэфащэщ. Абы щэч хэлъкъым. Iэщ1агъэр ящыщIэрэщIэжкIэ, адыгэ бзылъхугъэ пыIэм зэрепсальъэу щыта бзэри щIэкIуэдыщIэкъым. Адыгэ анэм кьыдэщIыр Iэпэlэсагъэм и закъуэкъым, адыгэбзэри кьыдалъху.

ТАБЫщ Мурат.
Зеикъуэ къуажэ

УсакIуэ, тхакIуэ щэджащэ Мэшбащ1э Исхьэкъ щытхъуцIуэ иIэр мащIэкъым, ахэр къимылэжьауи къыIэрыхьакъым. Нэгъабэ хуэфащэ дыдэу «Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэм и ЛIыхъжь» цIэ лъапIэр кьыфIащащ, а щIыхьыр къэзыгъэпэлъагъуэ дыщэ вагъуи Президент Путин Владимир Кремлым кьыщыхилъхьащ. Зэрыльэпкъыу - хэхэси, хэкурыси - дригуфIащ, дригушхуащ, дрипэгащ и Iуэхугъуэм.

СЫКЪЭЭЩIЫХУХЭР щыгуаззщ 1967 гъэм кьыщыщIэдзауэ, иджыри сыхэхэсу, Мэшбащ1э Исхьэкъ и усэхэм саригъэру сыкъыззэрекIуэкIар. Аущ ар адрей «гъэрыпIэхэм» яхуэмыдзу удэзыхьэхт. КьыззэдэкIа тхьэмыщкIагъэр кьызыхэщ, макъамэ гущIыхьэхэр кьыззыхэIукI усакIуэ телъыджэм и сатырхэм япхыша гупсысхэм си гур яхуэт. А гукIуэдым сыкъыхишыжыртащ анэм, хэкум, лъэпкъым, цIыхум хуэгъэза фIыпIагъур зыпхыша, гугъэр къэзыгъэпсэуж усэ макъамэхэм. АпщIондэку зэш имыIэу лъэпкъым хуэлажьэ Мэшбащ1эм и лIыгъэ си нэгу кьыщIоувэрт.

Дэ лъэпкъ Iуэхум дыкъыхуэуша къудейщ. Адэжь лъэхэр ди пщIыхьэпIэм эмыкIыу дыпсэу щхьэкIэ, хэкурысхэм хэхэсхэм яхуэгъэзауэ ягу илъым дыщигъэгумащIэ лъэхъэнэщ дызэрыт. Ауэ Исхьэкъ кьытIыгъэIэс усэхэм дызэрамыгъэмысэм гу лыдэотэ, дигухэри кьыдрашей.

Уи лъэпкъымрэ уи щыналъэмрэ ухуэусэ къудейкIэ дунейпсо усакIуэ ухъуфын? Мэшбащ1эм и сатырхэм яхэлъ гупсысэм дэтхэнэ лъэпкъым щыщ цIыхуми и гур зэщIиштэнущ. Абы и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, «Фы-кьызэдзыж» усэр. Исхьэкъ и сатырхэм кьахохуу и хэкум папщIэ и псэ хэзыльхьахэм ятеухуахэр. Абыхэм я гугъу пщIыуэ тхьылъышхуэ птхыми, я гум щыщIэр Мэшбащ1эм кьызэрехъулIэм хуэдэу кьыIихуэIэутэнкъым. УсакIуэм ди фIэщ ешIыф хэкур хэт папщи лIыгъэ напэу зэрыщытыр:

**Уи хэщIапIэм хуэдэу лъапIэ
ЛIыгъэ напэу сыт щыIэн?
Анэшыгъэр пхуэхъуу плъапIэ
Дядэжьхэм я щIырщ дэ зэдихэкур - Сэлам алейкум! Сэлам алейкум!**

Мэшбащ1эм кьохъулIэ лей кьыздэзыхахэм псалъэ мащIэ дыдэкIэ, итIанэми, щхьэтечащ1э мащIар кьыригъэIуэжьи. УсакIуэр зымыгъэгумащIэ Iуэхугъуи, зыхуэмыгумащIэ цIыхуи, лъэпкъи щыIэкъым. «Сызэджахэм мыракъэ псом нэхърэ нэхъ дахэр?», - жозыгъэIэ усэхэр Исхьэкъ и куэд дыдэщ. Абы кьыхэкIыу, уащыхэдэкIэ, Iэнкун умыхъунэ плъэкIынукъым.

КъызэщIэкъуауэ жьпIэмэ, адыгэ тхакIуэшхуэм и усэхэми и тхыгъэхэми гъащIэрщ яхэлъыр, фIы щIэнырщ, лIыгъэрщ кьызыхуриджэр. Анэдэлъхьбзэр мыпхуэдизу зыгъэбзэрабзэм пщIэ хуумыщIыныр плъэкIынукъым.

Цыхум ищIа псорэ хьэзыру бгъэдэлъу дунейм кьытехьэркъым. Зыхуэза цIыхухэми, зэджа гъэсэпэтхьдэми, нэIуасэ кьыхуэхъуа ныбжьэгъуэхэми ябсыхь абы и дуней тетыкIэр. ИтIанэ езыми псалъэ гуэрхэр кьхьыбзэр кьыфIащIэкIуейуэ мэхъу. Сэри сигу кьыпытьдзэри апхуэдэ псалъэ зыбжанэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хы Iуфэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм хуэгъэзауэ зэхэслъхьауэ щытащ. Абы щыщ пычыгъэмкIэ си тхыгъэр сыухыну сыхуейт:

**Уэ сыкъэзэлъхуа си лъэпкъ гупсэ!
Уэ уи лэгъу иджыри бауэу,
Иджыри лъэбыдэ-псэбыдэу,
Къэнэжа лъэпкъыр кIуэдкъым.
БэгъащIэ лъэпкъхэм я нэгум
ЩIэкIри мащIэкъым.
Мис, уэри гуэгу гъэщIэгъуэн,
Гъуэгуанэ хьэлъэ кьэпкIуащ.
ЦIыху лъэпкъым тыгъэ зэпущIащ
Уи хабзэ, уи нэщэнэ дахэхэр.**

МЭШХУЭФI Нэждэт.
Мейкъуапэ къалэ

УнагъуэщIэхэр псэупIэкIэ къызэрагъэпэщ

Бахъсэн районым щыпсэу унагъуихым мы мазхэхэм яIэрыхьащ псэупIэ унэ зэрыщащхуну е зэраухэну мылъкур кьызэрыратынум и щыхьэт тхылъыр. Iуэху щхьэпэр яГъэщащIэ «Урысей Федерацэм и цIыхухэр псэупIэ зэIуэзэпэщкIэ зыпэлъащын коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэгъэпэщын» къэрал программэр Бахъсэн щынальэм зэрыщылажьэм и фIыгъэкIэ.

АПХУЭДЭ социальнэ дэлэпкъуныгъэр зыхуэунэтIар унагъуэщIэхэм я псэукIэр егъэфIакIуэныщ. Иратыну ахъшэр зыхуэдизыр елъытащ унагъуэм щIэс цIыху бжыгъэмрэ ику иту метр зэбгъуэзнатIэм и уасэмрэ. Мылъкур щIыпIэ, республикэ, федеральнэ бюджетхэм кьыхохI.

Унэ кьызэращхунум щыхьэт текъуэ тхьилъхэр иратащ ХьэтIохъуащкъуэй кьуажэм щыщхуэ Шэтхэ Замирэ Залинэрэ, Жэмыхъуэхэ Мухьэдинрэ Рэуанэрэ, Кьулъкъужьин Ипщэ щыпсэуэху Нэхущхэ Аллбэчрэ Дианэрэ, Зеикъуэ жьлэм дэсху Быхъурэхэ Азэмэтрэ Сюзэанэрэ, Кьасокъулхэ Суфьянрэ Индирэрэ, Исльэмей щыщ Кьангъазэхэ Хьисэрэ Олесярэ я унагъуэхэм.

Бахъсэн районым администрацIэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур унагъуэхэм ехъуэхъуащ Iуэхум фIы кьахудэкIуэну, я унащIэхэм щIэтыншыныжьну.

- УнагъуэщIэм дежкIэ унэ кьызэрищIэхум мылькукIэ зыщIэгъэкъуэныр дэлэпкъыгъэу нэхъыщхьэщ. Унагъуэ быдэу, насыпыфIэу фIыпсэунымкIэ фэ езым фи унэ фызэриIэжьнэр куэдкIэ щхьэпэ зэрыхъунум шэч кьытесхьэркъым, - жиIащ щIынальэм и унафэщIым.

Дэлэпкъуныгъэ зыгъэзэтехэм район администрацIэм и Iэтащхьэм фIыщIэ хуащIащ гулъытэ кьаэзрыхуищIакIэ, апхуэдэ тыгъэр дэтхэнэри зыщIэхъуэпсу зэрыщытари кьыхагъэщащ.

УЛЫМБАЩ Лерэ.

● Мэшбащ1э Исхьэкъ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу

ЛIЫГЪЭ НАПЭ

Уи щIыналъэ мыщIыIэн.

КьызэрымыкIуэщ Мэшбащ1эм хэхэсхэм зэрызахуиГъаззэ псалъэхэри. Абы и лъэпкъэгъэ зыщIипсэу хэгъэгур Iумпэм ищIу аракъым, еIэн и гур зэкъумкIэ кьызэремыIэм щхьэкIэ, хуэгуэзвэу аркъудейщ:

**Жэщыр щыфIыцIэу, махуэр щыпшагъуэ
Жысlэмэ, пэжкъым - пцIыр сыту
сщIыну?**

**ИтIани, сщIэркъым ущыгъуэщауэ
Зыгуэрым и щIым уэзрисынр.**

Апхуэдэ усэхэм дыкъыщеджжкIэ, ди адэжь и лъапсэ дгъэзэжмэ, бысым зэрыщыдиIэр ди гум щыдгъафIэу апхуэдэт.

**ГуфIэр псынэпсу, уэсэпсу дыгъэр
Кьолъадэ нэгум, кьолъадэ нэгум.**

Дядэжьхэм я щIырщ дэ зэдихэкур - Сэлам алейкум! Сэлам алейкум!

Мэшбащ1эм кьохъулIэ лей кьыздэзыхахэм псалъэ мащIэ дыдэкIэ, итIанэми, щхьэтечащ1э мащIар кьыригъэIуэжьи. УсакIуэр зымыгъэгумащIэ Iуэхугъуи, зыхуэмыгумащIэ цIыхуи, лъэпкъи щыIэкъым. «Сызэджахэм мыракъэ псом нэхърэ нэхъ дахэр?», - жозыгъэIэ усэхэр Исхьэкъ и куэд дыдэщ. Абы кьыхэкIыу, уащыхэдэкIэ, Iэнкун умыхъунэ плъэкIынукъым.

КьызэщIэкъуауэ жьпIэмэ, адыгэ тхакIуэшхуэм и усэхэми и тхыгъэхэми гъащIэрщ яхэлъыр, фIы щIэнырщ, лIыгъэрщ кьызыхуриджэр. Анэдэлъхьбзэр мыпхуэдизу зыгъэбзэрабзэм пщIэ хуумыщIыныр плъэкIынукъым.

Цыхум ищIа псорэ хьэзыру бгъэдэлъу дунейм кьытехьэркъым. Зыхуэза цIыхухэми, зэджа гъэсэпэтхьдэми, нэIуасэ кьыхуэхъуа ныбжьэгъуэхэми ябсыхь абы и дуней тетыкIэр. ИтIанэ езыми псалъэ гуэрхэр кьхьыбзэр кьыфIащIэкIуейуэ мэхъу. Сэри сигу кьыпытьдзэри апхуэдэ псалъэ зыбжанэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хы Iуфэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм хуэгъэзауэ зэхэслъхьауэ щытащ. Абы щыщ пычыгъэмкIэ си тхыгъэр сыухыну сыхуейт:

**Уэ сыкъэзэлъхуа си лъэпкъ гупсэ!
Уэ уи лэгъу иджыри бауэу,
Иджыри лъэбыдэ-псэбыдэу,
Къэнэжа лъэпкъыр кIуэдкъым.
БэгъащIэ лъэпкъхэм я нэгум
ЩIэкIри мащIэкъым.
Мис, уэри гуэгу гъэщIэгъуэн,
Гъуэгуанэ хьэлъэ кьэпкIуащ.
ЦIыху лъэпкъым тыгъэ зэпущIащ
Уи хабзэ, уи нэщэнэ дахэхэр.**

МЭШХУЭФI Нэждэт.
Мейкъуапэ къалэ

АдыгэлI щыпкъэ Гъащтэ Абдул

● Фэеплъ

«КъигъэщIар мащIэми, хуэзфIэкIар гъунэншэщ» зыхужьIпIэ хъунухэм ящIыщ профессор Гъащтэ Абдул. И лэжьыгъэр щIэныгъэкIэ къехъулIам и гугъу умыщIми, и цIыху хэтыкIэкIэ, и хьэлщэн екIумкIэ, и гушыIэ дахэмкIэ ар иджыри куэдрэ ягу илъынущ къэзыщIыхьу щытахэм. Абы теухуа гукъэкIыжхэм ущедаIуэкIэ, апхуэдэ цIыху телъыджэр зи гъащIэм хэтахэм уэхъуапсэ икIи уи фIэщ мэхъу «ЦIыхуфIыр гъащIэмащIэщ» псалъэхэм пэж зэрыхэльыр.

ГЪАЩТЭ Абдул ХьэмотI и гъуэр Аруан щIыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж (Дохъуашкъуей) къуажэм 1935 гъэм кьыщалъхуащ. Курыт адэжпIэ екъулIэныгъэкIэ къыиуэ нэужь, ар щIэтIысхьащ Дагъыстэн къэрал медициндэ институтым. Ар фIы дыдэу къиуэри, и лъахэм къигъэзэжащ икIи Iуащхьэмахуэ щIыналъэ сымаджэщым хирургыу лэжьэн щыщIидзащ1 дохутыр нэхъыщхьэм и кьуэдзэу. Абы илъэсиплIкIэ щыIэуэ, Гъащтэр Налшык и Республикэ клиникэ сымаджэщым кьашэжащ. 1966 гъэм Абдул щIэтIысхьащ Бакулев А. Н. и цIэр зэрихьэу гум, лъэнтгхуэхэм я хирургием и институту Москва дэтым и аспирантурэм. А еджапIэм 1969 гъэм и кандидат, 1980 гъэм и доктор диссертацэхэр щыпхигъэхIащ.

1969 гъэм щегъажьауэ Гъащтэ Абдул щылажьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хирургие узыфэхэмкIэ и кафедрэм - ассистенту щIидзэри, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, кафедрэм и унафэщI хъуащ. Гъащтэм и Iодакъэм Лерэтхэ щIэныгъэ лэжьыгъэу 152-рэ, «ЦIхь» лъэнтхуэхэм лъэр тэмэму щыземыкIуэмэ, хирургием и Iемалхэр къэбгъэсэбэну абы уэрелъэзэнур» зыфIищащ монографиер итхащ. Абдул Къэбэрдей-Балъкъэр-рым япэу щызэтриублащ ангиографиекIэ лъэнтхуэ узыфэхэр къэхутэныр. Абы и фIыгъэкIэ ди лъахэм кьышыщIатгъэкI хъуащ лъэр зыгъанцIэ сывороткэр; нэхъапэхэм хуэдэу, ар нэгъуэщI щIыпIэхэм кьыщамыщэхуу.

Дохутыр Iэщ1агъэр кьыкъэзыхахэр егъэджэныжкIи Абдул зэфIигъэкIахэр кьэльытгъуейщ. Нобэ абы и гъэсэнхэм ящыщ куэдым зыпэрыт Iэнатlэм ехьэлIэныгъэкIэ щIэзу я егъэджакIуэм хиша гъэзуагъэм ирокIуэ. Студентхэм фIыуэ кьалъагъурт Гъащтэр, и лэжьыгъуэм я деж пщIэ щиIэт. НэгъуэщIуи ухущытыфынутэкъым а цIыху щIыпкъэм. ИрифIаджэхэр абы зыщигъэшынэртэкъым, дэтхэнэми гуапэу хущытт, студентым бгъэдэлъ щIэныгъэр гупсэхуу кьихутэрт, зыгуэр кьагурымыIуамэ, ар зэхэзауэ я пащхьэ ирилъхьэжыт. И лэжьэгъуэрати, псоми я чэнджэщгъуэт, дэтхэнэми дэIэпыкъурт, езым ищI операцэ хьэлъэхэм кIэлъыгъэплъурэ, абыхэм щIэ куэд кьаригъащIэрт, сытым дежи и щIэныгъэм, Iэзагъэм хигъахъуэу апхуэдэти, абыхэмкIи ядэгуащэрт. Абдул и фIыгъэкIэ медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, доктор хъуахэр куэдщ. И лэжьэгъуу щытахэми и гъэсэнхэми профессор гуащIафIэр ящыпупщакъым. Абы и щхьэхэтщ гу-лъыпитхуэ хирургиемкIэ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор япэ дыдэу ди республикэм щыхьуа Гъащтэм и фэеплъ щIэныгъэ-практикэ конференцэр илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыгаръкIуэкIар.

Сымаджэхэми езым и бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьахуигъэтыжырт а цIыху телъыджэм. Псом япэрауэ, уэым эзщIыубыда цIыхум фIэщхьунигъэ иритыжырт, сытым дежи нэхъыфIым хуэпIэу, гъащIэр фIыуэ ялъагъуу зэрыщытыным кьыхуриджэрт.

Медицинэр Iэщ1агъэу кьыхихами, нэгъуэщI унэтIыныгъэ куэдми Гъащтэ Абдул хъарзынэу щытащ. Ар фIы дыдэу щыгъуазэт математикэм, тхыдэм, литературэм. Сыт хуэдэ Iуэху утепсэлъыхьми, уэршэрэгъу гъэщIэгъэн кьыпхуэхъуфынут. Егъэлеиуэ гурыхуэт. Абы гукIэ ищIэрт Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Некрасов Николай, Есенин Сергей, Щоджэнщ1ыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ, нэгъуэщI куэдми я усэхэр, я тхыгъэхэм щыщ пычыгъэхэр.

Гъащтэ Абдул и ныбжьэгъуэхэм ягу кьинащ Гушыiэ дахэ зыхэлъ, хъыбар жьыжьынкIэ зыхуэдэ щымыIэ цIыху нэжэгужу. «Ар сытым дежи и псалъэм тебгъуэтжьырт. И ныбжьэгъуэхэм кьызэрытхущытыр щIэныгъэлIым хуэдэутэкъым, ар нэгъуэщI щIыпIэхэм кьыщамыщэхуу. Iуэху гъэркIэ абы убгъэдыхьауэ зэи укьигъащIэхъунутэкъым, уи гуэзвэгъуэми уи гуфIэгъуэми кьыпкъуэувэу апхуэдэт. ЖыпIэнурамэ, цIыхугъэшхуэ хэлът», - жаIэ абыхэм.

И гъащIэм, благъэ-Iыхьлыхэм я дежкIэ ар жьауэшхуэт. «Сыт хуэдэ гугъуехь кьыптлъыкъуэкIами, абы хэкIыпIэ гуэр кьызыхуимыгъуэтыф щытэткъым. Дэтхэнэми гуапэу, гущIэгъуныуэ хущытт», - апхуэдэущ ягу кьызэринар адыгэлI щыпкъэр.

Унагъуэ дахи иIэт Абдул. И щхьэгъусэ Александрэрэ абырэ щIалэрэ хъыджэбзрэ зэдапIащ. Я куэ Аслъэн адэм и лъагъуэм ирикIуэжащ, и Iэщ1агъэкIэ дохутырщ, япхуэ Аурикэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Статистикэмкiэ и къэрал комитетым и унафэщI.

Ныхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм, иригъэджахэм, къыдзэкIыжахэм зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ ялъагъуэ щIэрт. Абдул и фIыгъэкIэ медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, доктор хъуахэр куэдщ. И лэжьэгъуэ щыгъуазэ, зэры-Кавказ щIыIибдзэну и мурадщ, сыту жьпIэмэ, ди щIыналъэм къыщыдагъэкI тхылъхэм Кавказ Адрыщ1ми къыщыщIэупщIэ щIэщ.

КОТЛЯРОВ Викторь.

Кавказ тхылъ тедзакIуэхэм я зэгухьэныгъэ

● Щэнхабзэ

Налшык дэт Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я IэхъуцIапIэм «Кавказ тхылъ тедзакIуэхэм я зэгухьэныгъэ» къыззырызэрагъэпэщым теухуауэ унафэ кьыщащтащ.

ЗэIущIэр Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм щокIуэкI.

ТХЫлЪЫМ ират мыхьэнэм цIыхум д

Егъэджакіуэ Іэщіагъэм къыхуигъэщіа Бадзэ Жанхужь ціыкіу

● Яп итахэр

Си тхыгъэм фІэщыгъэ хуэсщІам къанэ щымыІэу хуэкІуэрт пэщІэдзэ классхэм дыщэзыгъэджауэ щыта бзылъхугъэ щыпкъэм и пхъэ-щэныр, и дуней тетыкІэр. Налшык дэт педучилищэр ехъулІэныгъэкІэ къиухыу щалъхуа Псыгуэнсу жылэм егъэджакІуэу къэзыгъэзэжа Бадзэ Жанхужь Къаплъэн и пхъур сабийхэр гъэсэным, щІэныгъэм и бжэхэр абыхэм кьахуэзІухыным къыхуигъэщІами ярейт. Езанэ классым щІэтІысхьагъащІэ цыкІуэм ди пащхьэм ар япэу къызэрихьэрэ илъэс щэ нькъуэм щІигъуами, ноби ди гум хуабэу щыдохьумэ а бзылъхугъэ щыпкъэм и фэеплъ нэхур.

ХэКУ зауэшхуэр ихуа нэужь, Жанхужькъэ я унэм щІэсауэ щытащ Украинэм къикІыу ди щІыналъэм къэкІуа егъэджакІуэ гуп. Абыхэм я лэжьакІэр, псэухэр, жылэм пщІэрэ нэмысу щІалэр зи нэгу щІэкІа хъыджэбз цыкІур, къызэрысщыхьумкІэ, щІэныгъэ зригъэгъуэтыным хуэпабгъэ хъуа къудейкъым, атІэ езыри егъэджакІуэ Іэщ1агъэм дихьэхащ. Къыжаж сабийхэм ящыщ куэдым япэ егъэджакІуэ тхуэхъуа бзылъхугъэ цыкІум еджакІэрэ тхэкІэрэ диГъащІэ къудейтэкъым, атІэ ди гупсысэм, зэхэщІыкІым заригъэузэщІырт, къэухым, еплъыкІэхэм заригъэужырт.

Жанхужь цыкІу (арат абы гъафІэбзэу дызэреджэр и нэ щыбагъкІэ) дапщащи еІІаІэрт, дысабийми, гъащІэм и зэхэлъыкІэр къызэрыдгурегъэІуэным, нобэ къатщтэ хьэлхэм ящыщ куэд дуней тетыкІэ хабзэ зэрытхуэхъунур фІыуэ къыгурыІуэу. Школым къыщыдгъэдилъхьэ щІэныгъэм ди егъэджакІуэ Іущым, гъэсакІуэ щыпкъэм хиухуанэрт гъащІэм епха ущиехэр, балигъыпІэ диувэмэ, ди гупсысэхэр Іуэху епльыкІэрэ диІэжьмкІэ дыхуишэу. «Зи егъэджакІуэм емыфІэкІыж гъэсэн фымыкъу», - жиІэрейт Жанхужь цІыкІу. Ди егъэджакІуэм нэхърэ нэхъыфІ щымыІэу къэзыльытэ дэ а псалъэхэр ди щхьэ хуэтхьыныр ди гущхьэ къридзэртэкъым абы щыгъуэ. Леонардо да Винчи жиІэгъуэ щыта а псэпъафэм и мыхьэнэр сэ нэсу къыщызгурыІуар Лъэпкъэм я зэныбжьэгъуГъэмкІэ университетым, а лъэхъэнэм Луммуфэ Патрис и цІэр зэзыхьэу щытам (иджы РУДН) и студент сыхъуа нэужьщ. Дунейпсо цІэрыІуагъ зиІа да Винчи еджагъэшхуэм, къэхутакІуэм, узэщІакІуэм и псалъэхэр дэ, сабийхэм, ди деж ящу къэзыхьэсар ди Хэкум и кІуажэ пхыдзахэм щыпсэу ди Жанхужь цІыкІуу зэрыщытри хуабжьу зГъэщІэгъуауэ, уеблэмэ сригушхуауэ щытащ. «Абы щыгъуэ зи гугъу ищІар сэрмыраУ пІэрэ?» - щыжьыСи къохуу. ИпэжьпІэкІэ, игъащІэкІэ уриеджакІуэ, уи гупсысэрэ епльыкІэрэ уимыІэжу укъэзыльпаГъу егъэджакІуэми ар жагъуэ щыхъунущ.

И гъэсэнэм Жанхужь къызэрытхущытыр и бын дыдэу къильытэут. Тхьэр абы къыхуэупсатэкъым еши ипкъ къикІа сабийкІэ, араУэ пІэрэт (абы и закъуэкъым, дауи!) Жанхужь цІыкІу щыСыхьрабгъу льэпкъ имыІэу и псэ хуабагъэмкІэ къыддэгъуашэу щІыщытар? Ар дэ къызэрытхущытыр егъэджакІуэр иригъаджэм зэрыхущытын хуейм куэдкІэ ебжкІырт - Жанхужь дэ къыттеубГыуат, хуабжьу къытхуэсакъырт, школым екІуалІэ сабий псоми дахигъэфІыкІынут дбГъэдэлъ щІэныгъэкІи тхэлъ гъэсэныгъэкІи. ЯкІпІэнурамэ, гъащІэм и ІэфІыпІэ, и фІыгъуэ псори дэ къыттхуигъэфащэрт а бзылъхугъэ щэджащэм. ЦІыхум лІэщІыгъуэкІэрэ зэхуихьэса щІэин лъапІэр щІэблэм къыттхипщэну хущІэкъурт ар, ауэ щыхъуэкІи жылагъуэм и «узыфэхэм», абы мыхъуиежьагъэу щызекІуэжам пІэщІэ дыззрищІыным хуэсакъыу.

Абы лъандэрэ зэман кІыхь дэкІыжами, нобэ согупсысэри кІыхьуэгубзыгъэжыкъым Жанхужь зы щыуагъэ е мыхъумыщІагъэ гуэр дэтГъэгъуауэ, апхуэдизу ар цІыху зэпІэзэрыгГ, Іэдэбт, зэнэфІэт икІи щІыпкъэти. Ди сабий акъылыр гупсысэ дахэхэм хуэзыгъэуцу егъэджакІуэм езым бгъэдэлъ щІэныгъэр къыдбГъэдилъхьа къудейтэкъым, атІэ дэтхэнэ зыри дыкъилъытэрт жьыбГгъэ лъэщым, кьабзэм зэщІигъэплъа ежи куэдрэ мыужьыхьыу, нуру блэну пхъэдзакІэмафІэ лъэщу. Дэри дыхущІэкъурт ди егъэджакІуэм хуэфащэу дыкъызэрыщІэкІыным.

Зи Іэнатіэр хьэлэлу, гурэ псэкІэ езыхьэкІэм ящыщт ди егъэджакІуэр. Ар хуабжьу елІаІэрт зэрыригъаджэ программэр, планхэр зэпэщу, къызэхъэтынщэу убзыхуным. Щылажьэ школым и унафэщІ Гъэгунокъуэ Къэралбийрэ абы егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуздэз КІасэ Суэдинрэ я жьІэм, я нэІэм щІэт Жанхужь жьакІэ щыхъуа щІегъэ екІуу зыхилъхьэрт, и дерсхэми творческэ Іззагъ хэлъу къыщигъэсэбэпырт. Зи гъащІэ псор сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным тыхь хуэзыщІа егъэджакІуэ Іззэм иту щыта дерс зэІухахэр, классщІыб лэжьыгъэхэр нэгъэсат, купщІафІэт, куэдым щапхъэ яхуэхъурт. Жьылэдэс адэ-анэхэри хущІэкъурт апхуэдэ егъэджакІуэ Іэкіуэлакіуэм я бынхэр Іэщ1алъхьэну. Абыхэм хъэжьыу пхьакІуэ ящІэрт я сабийхэр фІым зэрыхуишэнр, лъэпкъ гъэсэныгъэ зэрахилъхьэнур, еджэным, щІэныгъэ къэуГуеиным хуэпабгъэу къызэригъэтэджынур. Ауэ щыхъукІи, къэхъуакъым Жанхужь егъэкІуэхэм я пщІэр щриудыхэм, яхуэмыфащэ щариПэсаи, абыхэм щещхьэфэуаи. Лъэгъуныгъэ нэхурэ псэ хуабагъэрэ къызыпкърыкІ цІыху гуапэм и щыпкъагъымкІэ, хьэпі-щэн дахэмкІэ ихьэхурт къыдэлажьэхэри, иригъаджэхэри, адэ-анэхэри. Апхуэдэт ди Жанхужь цІыкІу!

Бадзэ Жанхужь Аруан районым, республикэм мызэ-мытІэу къыщалъытащ илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІу. И лэжьыгъэфІым къыпэкІуэу къызыгъэфэщащ егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, профсоюзхэм я обкомым хьабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъ куэд. Абы кьыфІащауэ щытащ «РСФСР-м цІыхубз егъэджэныгъэмкІэ и отличник» щІэ лъапІэрэ. Апхуэдэ къэрал, жылагъуэ гулыпІэ лъагэр Бадзэм хуэфащэ дыдэт. Ар Жанхужь кьихьат зэфІих и лэжьыгъэ купщІафІэмкІэ, и кьалэнхэр жэуапльныгъэ ин зыхищІэу зэригъэзащІэмкІэ.

Дэтхэнэ егъэджакІуэм и дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ и лъэужьым ирикІуэ гъэсэнхэм кьаехэкІыным. Апхуэдэ фІыгъэкІи Тхьэр зыхуэупсаэм ящыщащ ди Жанхужь цІыкІу. Абы дригъэджахэм къытхэтщ и лъагъуэм теувахэр, щІэныгъэм и лъагаІпІэхэм нэсахэр. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, ди классым щІэсахэу, иджы егъэджакІуэ хуэахэу ШкІэжь Любэ, Шащ1э Зэружан, Дзыгъур Таисэ, Быж Светланэ сымэ, сэри сащІыгъуу. Абы бжыхьэ-щІэщІ, и фІыгъэ хуэзыльытэ филолог («псалъэр фІыуэ зыльытагъу») Іэщ1агъэр зэрызэгъэгъэтами, тхылъ мин бжыгъэхэр зыщІэлъ библиотекэ къулей зэрызззгъэпэщыфами, адигъбзэм хуэдэу сыхуэшэрыуэу урысыбзэри франджыбзэри зэрысщІэми, тэрмэш лэжьыгъэм сызэрыхуэІэижьми. Зэгуэр, дызэхуэзауэ си хъыбархэр щыхуэсІуэтам, ар хуабжьу щыгуфІыкІат зигугъэ зи щхьэрэ зэтелъ цІыху къызэрысхэкІам, хамэ щІыпІэхэу Бенинрэ Ганэрэ я зэкъэку дэлъ Того къэрал цІыкІуи (Африкэ), Франджым, Бельгием урысыбзэмрэ литературэмрэ щезгъэджу, си щхьэм и мызакъуэу, ди къэралми хуэщхьэпэн Іуэхугъуэ куэд зэрызэфІэсхэм.

НэхъыжьыфІу, унэтІакІуэ Іэзэу яльытэр, псом япэрауэ, адэ-анэраш, абыхэм кІэщІу кьакІэлъокІуэ гъуэгуГъэлъагъуэ тхуэхъу егъэщІакІуэфІыр, гъэсакІуэфІыр. Апхуэдэуи щІэблэ нэскІэ дызэджэ хъунур ар Гъэгу захуэ, пэж тегъэувэфа ди бынхэм я зажьэжьыкъым - апхуэдизу ди еджакІуэфІхэр, ди гъэсэн щыпкъэхэр. КъызэрымыкІуэ егъэджакІуэу диІа ди Жанхужь цІыкІу фІы дыдэу хищІыкІырт и Іэщ1агъэм, фІыуэ илъагъурт иригъаджэ предметэхэр аязр зригъэдж ныбжьыщІэхэри. Ар дэ гурэ псэкІэ зыхьидигъэщІэфырт зи гъащІэр куэдым щапхъэ тхуэхъуа ди унэтІакІуэм.

Сэ сыкъапщтэмэ, анэ быдзышэм щыІгъуу си Іэпкъльэпкъым къыхьхьа псомиуэ Жанхужь цІыкІу кьызбгъащІыхьа ущиехэри си псэр пытыжу ещІыгъунущ - гъуэгуГъэлъагъуэу, дунейгъэнэхуу.

СЕМЭН Іэмырхъан,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Лэжьыгъэхэр яублэ

● Гу зылъытапхъэ

Гъатхэпэ мазэм и пэщІэдзэм щегъэжьауэ ди къэралым и курыт школхэм щаублащ Урысейпсо къызэрапщытэ лэжьыгъэхэр (ВПР) егъэкІуэкІыныр. 2020 гъэм ар ятх еджапІэ мин 37-м щІэс школакІуэ мелуани 6,5-м щІигъэм.

ВПР-р зэрекІуэкІыну хабзэхэм ятеухуа дафтэрхэр, лэжьыгъэхэр щыгъэзэщІапхъэ махуэхэри щыгъэбелджылауэ иту, щІыналъэхэм егъэджэныгъэмкІэ я Іэнатіэхэм лъагъэІэсакІэщ. 4 - 7-нэ классхэм щеджэхэм ахэр ятхынщ тхьэмахуитІым къиубыдэу, 9 - 10-нэ классхэм щІэсхэм ягъэзэщІэнущ тхьэмахуэм къиубыдэу. 8-нэ, 11-нэ классхэм къызэрапщытэ лэжьыгъэхэр ятхыну хуитщ, курыт школым и унафэщІхэм зэрытращІыхьам ипкъ иткІэ. Ауэ щыхъукІи, ВПР-р япэу зытхар 11-нэ классхэм щІэсхэращ. А ныбжьыщІэхэм лэжьыгъэхэр ягъэзэщІащ хамэ къэралыбзэхэмрэ географиемкІэ. Абы хэтар а предметхэр ЕГЭ-уэ зымытынухэращ.

КъыхэгъэщІапхъэщ еджапІэхэм щагъэзащІэ къызэрапщытэ лэжьыгъэхэр зэтемыхуэу, зэмыщхьу зэрыщытрыр.

ТАМБИЙ Линэ.

Адыгэлі хахуэм и цІэр фІащ

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Зэ1ущІэ щхьэпэм ирагъэблагъэхэр.

Къардэн Хьэдис къопсалъэ.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкІа цІыху щэджащэхэм я цІэхэр фІыкІэ къыщыгуэкІэ, абы хуабжьу фІыщІгуфІыкІ, дрогушхуэ икІи дропагэ. Апхуэдэ гурыщІэхэр ди гумрэ ди псэмрэ къыщызыгъэуи Іуэхугъуэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Краснодар къалэм. Абы дэт курыт школ №41-м фІащащ адыгэлі хахуэ, полковник, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм 11-нэ гвардие гупым и механизированнэ полкым и командиру щыта Шемякин (Къардэн) Михаил (Мухьэмэд) (1908 - 1977) и цІэр. Абы и саулыкъуклэ къызэрагъэпэща дауэдапщэм хэтащ ди лъахэм икІахэри.

ГУфІэГъУэ зэІущІэр къызэІуихащ Іуэхур щекІуэкІа курыт еджапІэм и унафэщІ Алютинэ Ириндж. Абы къызэхуэсахэм яригъэІыхуащ зэхуэсым кьрихьэлІа хьэщІэ лъапІэхэр. Абыхэм яхэтт Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм Краснодар къалэм щаІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэ Рыбалкэ Иван, ди лъахэгъу щэджащэ Шемякин Михаил Пётр и къуэм и гъащІмрэ и лэжьыгъэмрэ куэд, лъандэрэ тетхьихь, тхыдэдж Пронин Владимир, Краснодар къалэм и КъуэкъэпІэ районым и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Зубенкэ Валерий сымэ, нэгъэщІхэри. Зэхуэсым щІэсхэм Іэгуауэ ин хуаІэтащ Шемякин Михаил къызыхэкІа Къардэнхэз я лыкІуэ хьэщІэ лъапІэхэу лъэпкъ зэгухьэныгъэм и тхьамадэм и къуэдзэ Хьэдисрэ зэгухьэныгъэм и Налшык къалэ къудамэм и пашэ Іэбубэрэ. Шемякиным и цІэр зытет щІыхь пхъэбГум деж щІыхь къэрэгъулІэ а махуэм щрахьэкІащ Краснодар дэт, кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыр дзэ еджапІэм и курсантхэм.

ЗэІущІэм хэта ныбжьыщІэхэм, зым къриГажьэм адрейм пищэурэ, къызэхуэсахэр щыгъуазэ хуащІащ я еджапІэм зи цІэр фІащ цІыху щыпхьэм и гъащІэ хьэлэмэтым и къекІуэкІыкІам. Абы зэрыщыжьаІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хьихьэ Дыгулыбгъуей адыгэ хуажэм щыщ, Мухьэмэд (языныкъуэхэми Фэізулэ жаІэ) цІэр зиІа щІалэр адыгэщ, Къардэнхэ ящыщщ. И адэ-анэр имыІэжу ар зеиншэ щыхьэм, ар фІэгъэныхь хъури иПІыну къишащащ урысыдзэм хэт офицер Шемякин Пётр, и унагъуэцІри Михаил цІэри иритри. ЛІэщІыгъуэ блэкІам екІуэкІа Жэпуэгъуэ революцэм къыкІэлъыкІуэ граждан зауэм хэхуэдащ Пётр. ИужькІэ Михаил гъусэ хузэхъуащ къэзакъэм ящыщ Пилипенкэ икІи «полкым и къуэу» шуудзэм хигъэхьащ. Апхуэдэу адыгэ щІалэщІэр шууей-тІасхьэщІэх хъуащ.

1920 - 1922 гъэхэм къыщыщІэдзауэ Шемякиным дзэм къулыкъу щищІащ, Жуков Георгий и унафэм щІэту. Илъэс 13 фІэкІа и мыныбжь бгырыс щІалэщІэр тІэунейр яГъэлъэгъуащ Бэракъ Пльыжь орденыр кьратыну. Комсомолец, иужькІэ коммунист щІалэр пэрыуващ Самарэ щыІэ 37-нэ шу гупым и командир къулыкъум. ИтІанэ ар яГъэкІуащ 39-нэ Мелекевско-Русочевскэ шуудзэ полкым. Владикавказ лъэсыдзэ школыр, Кавказым ис лъэпкъхэм я шу школыр (Краснодар) екъулІэныгъэкІэ кІуэри, адыгэ щІалэм къулыкъу щищІащ Таганрог, Ставрополь, Грознэ, Каменск къалэхэм. 1941 гъэм ар япэ шуудзэ гуп хэхам и штабым и унафэщІащ, Москва и КъухьэпІэ лъэныкъуэр зыхьумахэми яхэтащ. 1945 гъэм Шемякиныр 11-нэ гвардие гупым и механизированнэ полкым и командиру щыташ. Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, Михаил Кёнигсберг (иджы Калининград) къалэм и яп дзэ коменданту щытащ. Зэрихьа лІыгъэхэм къапэкІуэу советыдзэм и полковник Къардэнхэз я къуэм къыхуагъэфащащ Лениным и орденыр, Бэракъ Пльыжьым и ордену 6, Бэгуэ Пльыжь ордену 2, Хэку зауэшхуэ орденым и яп нагъыщэр, медалхэр.

Дзэм къыхэкІыжа нэужь, Шемякиныр Краснодар щыпсэуащ, дунейм ехыжьыкІэ. Я къалэм щыщ хэкуІым и цІэр лъагэу яІэтырт зэхуэсым къыщыпсалъэхэм. Абы зэрихьа лІыгъэмрэ хэлъа хахуагъэмрэ къызыхэщыжьхэ усэхэмрэ уэрэдхэмрэ куэду щыІуащ зэхуэсым.

Я нэгу щІэкІа псори фІыщІэ зыщІу, адыгэлі щыпкъэм и фэеплъыр зыгъэльапІэу абы и цІэр еджапІэм фІэщыныр зи жэрдэмхэми пщІэ лей зэрыхуащІыр къигъэльагъуэу, зэхуэсым къыщыпсэльащ Къардэн Хьэдис. Арапхуэдэу екІуэщІутепсэльыхьащ Къардэн лъэпкъым къыхэкІа Іуэху щІэрыІуэхэм.

Школым Шемякиным и цІэр зэрыфІащым еха дауэдапщэхэр зэфІэкІа нэужь, хьэщІэ лъапІэхэр, ди лъахэгъуэхэри яхэту, яащащ Шемякин (Къардэн) зэщхьэгъусэхэу Михаилрэ Юлиерэ щыщІалъхьа къхъэм. Абыхэм я кхъащхьэм удз гъэгъахэр тралъхьащ. Иужькіэ ахэр иригъэблагъащ адыгэлі хахуэм кьыхуагъэфэщауэ щыта къэрал дамыгъэхэр, и хьэпшыпхэр, сурэтхэр щахъумэ музеим. Абы и унафэщІ Аликинэ Юлие зэрыжьІамкІэ, и мурадщ Къардэнхэ къахэкІа цІыху цІэрыІуэхэм я плІанэпэ музейм кьыщызэригъэпэщыну. Абыгэ Къардэн Хьэдисрэ а Іуэхумкіэ зэдэлэжьэну зэрахьилІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа хьэщІэхэр къыщагъэжьэжьым, хэгъэрейхэм жаІащ Краснодар къалэм щІыхь зиІэ и цІыхуу, Хэкум и къуэщхьэщыжакІуэ нэсу щыта Шемякин (Къардэн) Михаил Пётр и къуэм и фэеплъыр куэдрэ зэрахьумэнур.

КЪАРДЭН Тамбий.

Уэдыхь Албэч и ехъулІэныгъэхэр

● Щ1эблэ зэчиифІэ

Дызытет дунеймрэ щІыуэпсымрэ, Тхьэм и фІыщІэкІэ, апхуэдизу абрагъэущ икІи къулейщи, умыгъэщІэгъуэн пльэкІыркъым. ИльэсхэР блокІ, лІэщІыгъуэхэм захъуэж, хьэлэмэтыщІу къытщыхьуу щытахэм я пІэм тельыджэу къытфІэщІ нэгъуэщІхэр къоувэ. ЦІыхум ехьэлІауэ жьипІэмэ, псори хъуфынукъым къызэрымыкІуэ зэфІэкІ зиІэ, щэджащэ, ауэ, итІани, цІыху мелуанхэм ябгъэдэльщ езыхэм фІэкІа нэгъуэщІхэм яхэмылъыфыну творческэ зэфІэкІхэр. Зи гугъу тщІы зэчиифІэхэм ящыщщ Нарткъалэ дэт курыт школ №2-м (унафэщІ Шыбзыхъуэ Инэщ) и 6-нэ классым щеджэ Уэдыхь Албэч. Зи Іущагъымрэ акъылыфІагъымкІэ, бгъэдэлъ зэфІэкІ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ Албэч и ныбжьэгъуэхэм кахожаныкІ, куэдым я дежкІи щапхъэщ.

КЪЭХЪУН кьуажэм щыщ щІалэ цІыкІур еджэным фІы дыдэу зэрыхэзагъэм, гъэсэныгъэ дахэ зэрыхэлъым я щыхьэтщ ар предмет зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щІыпІэм щекІуэкІ олимпиадэхэм жьыджэру зэрыхэтыр, уяпІэфІхэри къызэрыщихьыр. Абыхэм кьапокІуэ щеджэ курыт школым и унафэщІэм и Іэ щІэлъу Албэч мызэ-мытІэу къыхуагъэфэща щІыхь тхьилъхэр, апхуэдэуи и адэ Асльэнбэчрэ и анэ Марьянэрэ хуагъэхъ фІыщІэ тхыгъэхэр. Ахэри фІыгъэшхуэщ икІи уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъапІагъэщ уи бын е уи гъэсэн теухуауэ. АтІэми Албэч нэгъуэщІ зэфІэкІхэри бгъэдэлъщ. Къапщтэмэ, ар хуабжьу фекъуэ сурэт щІыным. Абы и Іэдакъэщ1экІ сурэтхэр, ущІыпІэфІхэри къызэрыщихьыр. Абыхэм кьапокІуэ щеджэ курыт школым и унафэщІэм и Іэ щІэлъу Албэч мызэ-мытІэу къыхуагъэфэща щІыхь тхьилъхэр, апхуэдэуи и адэ Асльэнбэчрэ и анэ Марьянэрэ хуагъэхъ фІыщІэ тхыгъэхэр.

Зи Іэнатіэр хьэлэлу, гурэ псэкІэ езыхьэкІэм ящыщт ди егъэджакІуэр. Ар хуабжьу елІаІэрт зэрыригъаджэ программэр, планхэр зэпэщу, къызэхуэтынщэу убзыхуным. Щылажьэ школым и унафэщІ Гъэгунокъуэ Къэралбийрэ абы егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуздэз КІасэ Суэдинрэ я жьІэм, я нэІэм щІэт Жанхужь жьакІэ щыхъуа щІегъэ екІуу зыхилъхьэрт, и дерсхэми творческэ Іззагъ хэлъу къыщигъэсэбэпырт. Зи гъащІэ псор сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным тыхь хуэзыщІа егъэджакІуэ Іззэм иту щыта дерс зэІухахэр, классщІыб лэжьыгъэхэр нэгъэсат, купщІафІэт, куэдым щапхъэ яхуэхъурт. Жьылэдэс адэ-анэхэри хущІэкъурт апхуэдэ егъэджакІуэ Іэкіуэлакіуэм я бынхэр Іэщ1алъхьэну. Абыхэм хъэжьыу пхьакІуэ ящІэрт я сабийхэр фІым зэрыхуишэнр, лъэпкъ гъэсэныгъэ зэрахилъхьэнур, еджэным, щІэныгъэ къэуГуеиным хуэпабгъэу къызэригъэтэджынур. Ауэ щыхъукІи, къэхъуакъым Жанхужь егъэкІуэхэм я пщІэр щриудыхэм, яхуэмыфащэ щариПэсаи, абыхэм щещхьэфэуаи. Лъэгъуныгъэ нэхурэ псэ хуабагъэрэ къызыпкърыкІ цІыху гуапэм и щыпкъагъымкІэ, хьэпі-щэн дахэмкІэ ихьэхурт къыддэлажьэхэри, иригъаджэхэри, адэ-анэхэри. Апхуэдэт ди Жанхужь цІыкІу!

Бадзэ Жанхужь Аруан районым, республикэм мызэ-мытІэу къыщалъытащ илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІу. И лэжьыгъэфІым къыпэкІуэу къызэригъэфэщащ егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, профсоюзхэм я обкомым хьабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъ куэд. Абы кьыфІащауэ щытащ «РСФСР-м цІыхубз егъэджэныгъэмкІэ и отличник» щІэ лъапІэрэ. Апхуэдэ къэрал, жылагъуэ гулыпІэ лъагэр Бадзэм хуэфащэ дыдэт. Ар Жанхужь кьихьат зэфІих и лэжьыгъэ купщІафІэмкІэ, и кьалэнхэр жэуапльныгъэ ин зыхищІэу зэригъэзащІэмкІэ.

Дэтхэнэ егъэджакІуэм и дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ и лъэужьым ирикІуэ гъэсэнхэм кьаехэкІыным. Апхуэдэ фІыгъэкІи Тхьэр зыхуэупсаэм ящыщащ ди Жанхужь цІыкІу. Абы дригъэджахэм кьытхэтщ и лъагъуэм теувахэр, щІэныгъэм и лъагаІпІэхэм нэсахэр. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, ди классым щІэсахэу, иджы егъэджакІуэ хуэахэу ШкІэжь Любэ, Шащ1э Зэружан, Дзыгъур Таисэ, Быж Светланэ сымэ, сэри сащІыгъуу. Абы бжыхьэ-щІэщІ, и фІыгъэ хуэзыльытэ филолог («псалъэр фІыуэ зыльытагъу») Іэщ1агъэр зэрызэгъэгъэтами, тхылъ мин бжыгъэхэр зыщІэлъ библиотекэ къулей зэрызззгъэпэщыфами, адигъбзэм хуэдэу сыхуэшэрыуэу урысыбзэри франджыбзэри зэрысщІэми, тэрмэш лэжьыгъэм сызэрыхуэІэижьми. Зэгуэр, дызэхуэзауэ си хъыбархэр щыхуэсІуэтам, ар хуабжьу щыгуфІыкІат зигугъэ зи щхьэрэ зэтелъ цІыху къызэрысхэкІам, хамэ щІыпІэхэу Бенинрэ Ганэрэ я зэкъэку дэлъ Того къэрал цІыкІуи (Африкэ), Франджым, Бельгием урысыбзэмрэ литературэмрэ щезгъэджу, си щхьэм и мызакъуэу, ди къэралми хуэщхьэпэн Іуэхугъуэ куэд зэрызэфІэсхэм.

НэхъыжьыфІу, унэтІакІуэ Іэзэу яльытэр, псом япэрауэ, адэ-анэраш, абыхэм кІэщІу кьакІэлъокІуэ гъуэгуГъэлъагъуэ тхуэхъу егъэщІакІуэфІыр, гъэсакІуэфІыр. Апхуэдэуи щІэблэ нэскІэ дызэджэ хъунур ар Гъэгу захуэ, пэж тегъэувэфа ди бынхэм я зажьэжьыкъым - апхуэдизу ди еджакІуэфІхэр, ди гъэсэн щыпкъэхэр. КъызэрымыкІуэ егъэджакІуэу диІа ди Жанхужь цІыкІу фІы дыдэу хищІыкІырт и Іэщ1агъэм, фІыуэ илъагъурт иригъаджэ предметэхэр аязр зригъэдж ныбжьыщІэхэри. Ар дэ гурэ псэкІэ зыхьидигъэщІэфырт зи гъащІэр куэдым щапхъэ тхуэхъуа ди унэтІакІуэм.

Сэ сыкъапщтэмэ, анэ быдзышэм щыІгъуу си Іэпкъльэпкъым къыхьхьа псомиуэ Жанхужь цІыкІу кьызбгъащІыхьа ущиехэри си псэр пытыжу ещІыгъунущ - гъуэгуГъэлъагъуэу, дунейгъэнэхуу.

СЕМЭН Іэмырхъан,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Къищынэмыщ1ауэ, Албэч дахэ дыдэу скрипкэ ящІу. Нарткъалэ дэт Гъуэзджэмкіэ «Лэгъупыкъу» сабий еджапІэм и гъэсэнхэм ящыщ щІалэ цІыкІур иджыблагъэ хэтащ «Утыку зэІуха» («Открытая сцена») Гъуэзджэмкіэ дунейпсо зэпеуэм икІи абы и лауреат хуащ. Щ1алэм ІэнатІэ Зэрыкъуэ Іэминатрэ. - Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ Къагъыр Александрэрэ ар адыгэбзэмкІэ езыгъаджэ Зэрыкъуэ Іэминатрэ. - Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ Къагъыр Борис и фэеплъ пшыхь иджы дыдэ щедгъэкІуэкІат районым библиотекэми, Албэч ящыщщ а зэхуэсым и утылІэужьыгъуэм. Илъэс блэкІам и бжьыхьэм Прохладнэ къалэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм Албэч ещанэ увыпІэр къыщыхьащ килограмм 53-м нэмысхэм я деж. Абы кьратащ «ТХЭКВОНДО» спорт клубым и унафэщІ Ким Виктор и Іэщ1эдзыр зыщІэлъ щІыхь тхьилъ. - Дэтхэнэ егъэджакІуэми и напщІэм тельщ и гъэсэн цІыкІухэм я ехьулІэныгъэхэр. Дэри ди школри зэрыщытру дрогушхуэ икІи дропагэ Уэдыхь Албэчи абы хуэдэ адрей ди еджакІуэфІхэми, - жаІэ щІалэ цІыкІуи и класс унафэщІ Грудачёвэ Зэрихьа лІыгъэмрэ хэлъа хахуагъэмрэ къызыхэщыжьхэ усэхэмрэ уэрэдхэмрэ куэду щыІуащ зэхуэсым.

Я нэгу щІэкІа псори фІыщІэ зыщІу, адыгэлі щыпкъэм и фэеплъыр зыгъэльапІэу абы и цІэр еджапІэм фІэщыныр зи жэрдэмхэми пщІэ лей зэрыхуащІыр къигъэльагъуэу, зэхуэсым къыщыпсэльащ Къардэн Хьэдис. Арапхуэдэу екІуэщІутепсэльыхьащ Къардэн лъэпкъым къыхэкІа Іуэху щІэрыІуэхэм.

Школым Шемякиным и цІэр зэрыфІащым еха дауэдапщэхэр зэфІэкІа нэужь, хьэщІэ лъапІэхэр, ди лъахэгъуэхэри яхэту, яащащ Шемякин (Къардэн) зэщхьэгъусэхэу Михаилрэ Юлиерэ щыщІалъхьа къхъэм. Абыхэм я кхъащхьэм удз гъэгъахэр тралъхьащ. Иужькіэ ахэр иригъэблагъащ адыгэлі хахуэм кьыхуагъэфэщауэ щыта къэрал дамыгъэхэр, и хьэпшыпхэр, сурэтхэр щахъумэ музеим. Абы и унафэщІ Аликинэ Юлие зэрыжьІамкІэ, и мурадщ Къардэнхэ къахэкІа цІыху цІэрыІуэхэм я плІанэпэ музейм кьыщызэригъэпэщыну. Абыгэ Къардэн Хьэдисрэ а Іуэхумкіэ зэдэлэжьэну зэрахьилІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа хьэщІэхэр къыщагъэжьэжьым, хэгъэрейхэм жаІащ Краснодар къалэм щІыхь зиІэ и цІыхуу, Хэкум и къуэщхьэщыжакІуэ нэсу щыта Шемякин (Къардэн) Михаил Пётр и къуэм и фэеплъыр куэдрэ зэрахьумэнур.

КЪАРДЭН Тамбий.

Дзыхь Албэч и ныбжьэгъуэхэм

● Дэ къытуатх

Ди анэдэлъхубзэр фІыуэ ялъагъуу, абы и Іэфіагъыр гурэ псэкІэ зыхащІу сабийхэр къэрэгъэтэджынырыр куэд и уасэщ. Си тхыгъэр зытеухуа Нэгумэ (Альтуд) Іэсият ящыщщ адыгэбзэмрэ литературэмрэ ди щІэблэм гу хуезыгъэщІу и Іэнатіэр езыхьэкІхэм.

ІэСИЯТ Дзэлыкъуэ районым хьыхь Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. ГъэрэщІырэ щІэзэхэкІагъащІэ гъатхэпэ махуэм дунейм къытехьа пщащэ цІыкІур къэхъуащ адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, бзэм, литературэм, тхыдэм дихьхыу. Жылэм дэт курыт школым щІищІэсами Іэсият гулыпітэ нэхъ зыхуищІар анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэщ. Курыт щІэныгъэ зэзэгъэгъэуэта пщащэр 1990 гъэм щІэтІысхьащ КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кІудамэм. Ар ехьулІэныгъэкІэ кІуихри, Налшык дэт курыт школ №94-м уващ, адыгэбз

● Гъуазджэ

«ФІыцІэмрэ хужьымрэ»

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей краехэр Анжелэрэ театрым иджыблагъэ щекІуэкІащ Аброкъуэ Аслъэн и Іэдакъэ къыщІэкІа «ФІыцІэмрэ хужьымрэ» пьесэм къытращІыкІа спектаклым и премьерэ.

ПЭШЫМ тысыпІэ нэщІ имыІэу цІыхур къызэрекІуэлІам ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Къущынэмыщ1ауэ, абы узыщрихьэлІэр зи ныбжь хэкІуэта, театрыр ильэс куэд щІауэ фІыуэ зыльагъухэм я закъуэтэкъым, атІэ зи щІалэгъуэхэри щыкуэдт.

Къыхэгъэщыпхъэщ «ФІыцІэмрэ хужьымрэ» пьесэр Аброкъуэ Аслъэн япэу и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэу зэрыщытыр. Ар езыр театрыр фІыуэ зыльагъу, зы спектакли блэзымыгъэкІ театрепІэ емыІэшыжщ. Спектаклыр зыгъэувар (режиссёрыр) Дигорскэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Джалиев Казбекщ.

Іуэхур къыщыхъур иджырей офисщ. Хьэлий Алиевич (ролыр зыгъэзащІэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щІыхь зиІэ и артист Хьэщэ Къанщобийщ) Іуэхущ1апІэ иным и унафэщІщ, бейжыщ, ауэ, Іуэхурахъэ, пьесэм и пэщІэдзэм абы и ныбжьэгъу дохутыр Хьэсэн (Тэмазэ Лиуан) къыжреІэ узыфэ шынагъуэ къыззреузыр, абы икІэщІыпІэкІэ и благъэ гуэрым илъ къыхамыкІэмэ, мазищ фІэкІа зэримыгъэпсэунур. Ауэ, Хьэлий Алиевич благъэ гъунэгъу иІэкъым, Сэтэнейкіэ (Хьэхъупащіэ Фатіимэ, Іуэл Марьянэ) еджэу зы хьыджэбз еПІри, ари къыхьауэ арацщи, сэрэп хуэкъуфыныкъым. Хьэлий Алиевич фыз къызэримышар, бын зэрызэримыгъэпэщар и ныбжьэгъум къыщІрихъуэнкІэ, лЫм жеІэ Индийскэ хытІыгу ныкъуэм фІыуэ щилъэгъауэ щыта бзылъхугъэм и хъыбар икІи Нэ фІыцІэ ирита псалъэм хуэпэжу зэрыпсэуар. Апхуэдэу щыхъукІэ, дохутырыр кьочэнджэщ, нэгъуэщІ мыхъуми, и хъыджэбзыр а пІалъэм унагъуэу иригъэхьэу и гуфІэгъуэ хэпльэну.

ЛЫм и пхъур къреджэри йопсалъэ, арщхьэкІэ хъыджэбзым жеІэ апхуэдэ мурад зэкІэ зэримыІэр, фІыуэ имылъагъум зэрыдэмыкІуэфынур. Сыт ищІэнт, лЫр абыкІэ арэзы мэхъу, ауэ Іуэхуракъэ, Хьэлий Алиевич и кІуэдзэ Къазырхъанрэ (КъБР-м и цІыхубэ артисткэхэу ЖЬэкІэмыхьу КІунэрэ Щэрмэт Людмилэрэ) и секретарь Анжелэрэ (ЖЭнэтей Марьям, Къуэшокъуэ Регинэ) абыхэм я псалъэмакъым кІэщІодзІухьри, бзаджагъэ я гум къокІ. АпхуэдизкІэ и нэр къыщицхъуащ а тІуми, Хьэлий Алиевич Іущ1эну къэкІуа МутІалибкІэ зэджэ щІалэщІэм (Блашэ Имран) цыджаныфэ ираплъри, щІамыгъэхьэу щІахужьину яужь йохьэ, щІалэрыхьэр ираутІыпщыурэ щІалэр ягъэджалэ, фэбжь ирадзри, сымаджэщым ар щІохуэ. Абы хэту Къазырхъанрэ Анжелэрэ зэгуроІуэ, Хьэлий Алиевич дунейм екъыжмэ, и мылъкур зыІэщІалъхьэну. Ар зэрызрагъэхьылІэну Іэмалри яд, яЗэри ягъэтІыпхьэж. Къэзырхъан и къуэ ХьэтІырэ (Кьардэн Заур) къэфэнрэ ефэнрэ нэхъ гугъуехь игъащІэм зымылъэгъуа щІалэ щхьэхуэфЫм, Сэтэней ирагъашэу, Хьэлий Алиевич Анжелэ кърагъэшэну.

Я хьэгъащІагъэр къайхъулІэн папщІэ абыхэм япэщІыкІэ Хьэлий Алиевич и фІэщ ящІ Сэтэней пІэным хуэдэу ХьэтІырэ фІыуэ зиІэгъуу, ауэ и адэм фІэлІыкІыу зыкъримыгъэщІэфауэ, Сэтэней жраІэ и адэм Анжелэ къишэну хъуэпсапІэ зэриІэр, и пхъур арэзы хъу закъуэмэ. Сытми, пцІы зэфэзэщкІэ зэадзэзэпхъум я нэчыхьыр ятхыну траухуарэефэндырри краджауэ, сымаджэщым яша МутІалиб зыкъежІэжри, и псэм фІыуэ иІэгъуа Сэтэней Іуэхур зыІутыр жреІэж.

Арати, Сэтэнейрэ МутІалибрэ яужь йохьэри, Къазырхъанрэ Анжелэрэ я пцІыр къыщІагъэщ, ахэр утыкум ираубыдэ щІалэм игъусэу зыкІуа индеецхэм. Абы ирихьэлІэу, Хьэсэн гуфІэу, тхьилъмпІэ гуэр иІыгъуу утыкум къолъадэри, псоми яжреІэ, индеец щІалэр - МутІалиб-Хьэлий Алиевич зэрикъуэр, абы и фІыгъэкІэ, лЫр ажалым пэщІэ зэращІыкфынур. КьызэрыщІэкІамкІэ, ар и къуэт Хьэлий Алиевич Индийскэ хытІыгу ныкъуэм фІыуэ щилъэгъауэу щыта бзылъхугъэм. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, фІыуэ зэрылъагъуэхэр зэрогъуэтыж, фІыр ем, хужьыр фІыщІэм токІуэри, спектаклыр еух.

ГУГЪУЩ гупсысэ пыухыкІа мы спектаклым щхьэкІэ жыпІэну. Сыт Аброкъуэм «ФІыцІэрэ хужьрэ» спектаклымкІэ къыджриІэну зыкъуеяр? «ЖьыІэзыфІэщу дунейм фытемыт, фи лъагъуныгъэм фыкъыщхьэщыж», - жиІэну арауэ пІэрэт?.. КъекІуэкІ Іуэхугъуэр гушыІэ жыпхъэм итрэ гукъыдэжьр къиІэтми, гукъеуэ сиІэу театрым сыкъыщІэкІыжащ. Сэ сыхуеят фІыуэ зэрылъагъуэхэм я лъагъуныгъэр си фІэщ зыщІын псалъэ е Іуэхугъэ пыухыкІа абдежым щысльагъуну, фІыр ем зэрытекІуэм пылъэ гугъуехьхэр лІыхъужьхэм ядзэгъэвыну. Гугъуехьынщэу апхуэдэ къэхъуу къызыщыхъу щыІэмэ, иримыхьэлІауэ аращ. ИтІанэ, спектаклыр дэнэ утыку щыбгъэувми, сыт хуэдэ лъэпкъым къищтэми тыншу хэзгъэІэрыхуэнущ, сценэр зэрыгъэщІэрэщІа Іущ1ахьмахуэрэ нарт лІыхъужьмрэ я сурэтхэр хэбгъэкІмэ (а тІуми мыбдеж щагъэззэщІа кьаланыр гурыІэгъуащ1ажьмэ). Ар авторым езым хуейуэ ищІа? Си щхьэкІэ «адыгэмэ» нэхъыбэ къыкІэрихамэ, нэхъ къэсщтэнут...

Гушыіэр фІыщ, ауэ ар гъащІэм и мыхьэнэкъым (мыбдеж - спектаклым), атІэ гъащІэр нэхъ тынш пщыэщІ, языныкъуэхэм и деж хъыбгурыызгъаІуэ Іэмал хьэлэмэтщ ар мыхъумэ, гушыІэм и хъуреягъым укъеуджэкІкІэ Іуэхур зэфІэкІыу къэслъытэркъым. Пэжщ, Аброкъуэм и япэ лэжьыгъэр утыку зэрырахьар, адыгэбзэкІэ тхэ драматург къызэрыуэхуар узыщыгуфІыкІын Іуэхугъуэщ. Дэ дыщогугъ икІи дыполлъэ абы нэхъыбэкІэ дигъэгуфІэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ГъэсакІуэ нэхъыфІхэр къыхах

«2020 гъэм и гъэсакІуэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр Тэрч районым щызэхуащІыжащ. Ар щекІуэкІащ Тэрч къалэ дэт курыт еджапІэ №2-м.

● Тэрч щІыналъэ

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуахым япэу псалъэ зрата Тэрч щІыналъэм щІэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Варий Маринэ** жиІащ зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэу щытыр гъэсакІуэ нэхъыфІхэр гъэбелджьылъэм и мызакъуэу, абыхэм я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп Іэмалхэмкіэ зэгъэхъуэжьныр, адэкІи утыкуухъэхэм ихьэн папщІэ тегъэгушхуэныр арауэ зэрыщытыр. Зэхьэзэхуэм хэт дэтхэнэми зыщыщ Іуэхущ1апІэм и цІэр фІыкІэ игъэІуну, адэкІи ущрагъэсэбэп Іэмалхэм